# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№27 (24.309) • 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ТЫЗЭКЪУОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!
Адыгэ макъ
Голос адыга
WWW.ADYGVOICE.RU

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

Черкес хэку

# Адыгэ тхыбзэм и махуэ лъапIэ

**ЩIы хъурейр къызэригъэщIрэ абы лъэпкъ куэд щопсэу. Дэтхэнэми ехъулIэныгъэ иIэу зиужьын, и щэнхабзэм зыкъиIэтын, къыщIэхъуэ щIэблэм гъащIэ хъуэпсэгъуэ яхуиухуэн папщIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ я тхыбзэр къызэгъэпэщыным. Адыгэ лъэпкъми нобэ бгъэдэлъ зыужьыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэр ди анэдэлъхубзэращ.**

«ДИ бзэр ди псэщ» - жыдоIэ дэ, дунейм дыкъытезыгъэхьа анэм къытIурилъхьа а фIыгъуэм дыщытепсэлъыхькIэ. Бзэм и макъхэр къэгъэлъэгъуа зэрыхъу тхыбзэри аращ. Анэдэлъхубзэр зей лъэпкъым къыдекIуэкIыу, къыщIэхъуэ щIэблэм Iурылъу къэтэджыныр уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Аращ ар лъэпкъыр зыIэт, адрейхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху дамэу, хэкупсэ зыIут цIыхухэр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ, я напщIэм телъ лъапIэныгъэу ар къыщIалъытар.

Тыншу пхужыIэнукъым адыгэ лъэпкъым и тхыбзэм къикIуа гъуэгуанэр. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэси 170-м нэсащ тхыбзэ диIэ зэрыхъурэ. Сыт хуэдэ зэмани ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр иропIейтей адыгэбзэм зиужьыным, зиузэщIыным и Iуэхум. Пасэ зэманым абы елэжьахэщ узэщIакIуэхэу Хъан-Джэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и тхыбзэр зэфIэгъэувэным пэрыташ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м Тифлис къалэм дунейм къыщытехьауэ щыташ абы и къалэмыпэм къыпыкIа «Адыгэ псалъалъэ» тхылъыр. А махуэр къалъытэ адыгэ тхыбзэм и щIэдзапIэу. Ар и тегъэщIапIэу, ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - 2003 гъэм унафэ щхьэхуэ къищтащ гъатхэпэм и 14-р илъэс къэс Адыгэ тхыбзэм и махуэу дгъэлъэпIэным ехьэлIауэ. Ди бзэм хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ иIэн папщIэ, апхуэдэ лъэпкъыпсо унафэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.



## «СищыIэныгъэ кIэлэегъэджэ сэнэхьатым епхыгъ»



4-нэ нап.

## ДяпэкIэ щыIэну дыхуеймэ



9-нэ нап.

## ЗэрытхуэзэфIэкIкIэ защIыдогъакъуэ



11-нэ нап.

## Анэбзэ щIыхуэр



12-нэ нап.

# Зи бзэм хуэсакъыр зэманым токIуэ

ЯПЭ адыгэ егъэджакIуэу къалъытэ Бырсей Умар езыр щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, гъащIэм гъуэгуанэ гугъу къыщызыкIуа цIыхут. И ныбжьыр илъэсибл фIэкIа мыхъуу ар ядыгъури, Тыркум щыщ пэщэ гуэрым иращауэ щытащ. ЩIалэ цIыкIур акъылыфIэу зэрыщытым гу лъитэри, пэщэм абы егъэджакIуэ къыхуищтащ, щIэныгъи иригъэгъуэтащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу Умар зригъэщIащ хьэрыпыбзэри, тыркубзэри, франджыбзэри. ИужькIэ и щIэныгъэм хригъэгъэхъуэну Бырсейр Франджым ягъакIуэри, абы илъэсищым нэскIэ щеджащ. ЕджапIэр къиуха нэужь Тыркум имыгъэзэжу и адэжь щIыналъэм къэкIуэжащ икIи 1843 - 1850 гъэхэм урысыдзэм къулыкъу щищIащ. Бзэ куэд зэрищIэм и фIыгъэкIэ ар Ставрополь дэта гимназием ягъэкIуащ адыгэбзэр щригъэджэну. А зэманым ирохъэлIэ ар адыгэбзэм и япэ алыфбейр зэхэгъэувэным щелэжьар. Абы и лъабжьэр хьэрып графикэрат. Нэхъ иужьыIуэкIэ абы зэхигъэуващ адыгеибзэм и грамматикэ икIи кавказыдж Услар Пётррэ Бырсеймрэ къэбэрдеибзэм и азбукэ 1862 гъэм къыдагъэкIащ, урыс графикэм тету. А лэжьыгъэм хагъэхъуащ Бырсейм и ужь ита щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм.

1917 гъэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и ужькIэ адыгэбзэм и алфавитыр урыс хьэрфхэм хуагъэкIуэуэ щытащ. ИлъэситI-щы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъхэр къэгъэлъэгъуэныр хьэрып хьэрфылъэм трагъэувэжащ. АбыкIэ къэбэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ. А зэманым бзэм елэжьахэм ящыщщ Фэнзий Мэжид, ЩэрэлIокъуэ Талъустэн сымэ.

1923 гъэм и пэщIэдзэм Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ ин. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэ алфавитыр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. А лэжьыгъэм яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Абы и алфавитым цIыхубэр щыгъэгъуэзэн мурадыр яIэу адыгэ щIэныгъэлIхэу Елбэрд Хьэсэнрэ Къэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм къыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. Совет псэукIэ хабзэм и лъабжьэхэр ди щIыналъэм щагъэтIылъа диныымрэ цIыхубэ егъэджэныгъэмрэ зэпэщIэуа ящIа нэужь, Елбэрд Хьэсэн яхэтащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр ди хэкум япэу щызэтезыублахэм. НэхъапIэуэкIи апхуэдэ еплъыкIэт абы армырами и лэжьыгъэм тегъэщIапIэ хуищIари, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур къэралым иригъэкIуэкI политикэм и зы Iыхьэ щыхъум, зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу, абы и къэкIуэнур дахэ хъуным зи гупсысэри IуэхущIафэри хуэунэтIа Хьэсэн нэхъ жыджэрыжу иужь ихьащ IэнатIэм хуиIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ щIыным.

Абы хуэдэу псэемыблэжу Iуэхум хэтащ адыгэлI пэрытхэу ЦIагъуэ Нурий, ЩоджэнцIыкIу Алий, Борыкъуей ТIутIэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Къалэмыр тхылъым дэщIыгъуу зи Iэдэж а хэкупсэхэм ялъэкI псори ящIащ адыгэ лъэпкъыр щIэныгъэм и нурым хашэнымкIэ. Ахэр хьэлэлу хуэлэжьащ цIыхубэр кIыфIыгъэм къыхэшын Iуэхушхуэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, алыфбеищым хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхущытыщIэхэр хилъхьэжри, Хъуран Батий 1924 гъэм «Букварь» къыдигъэкIауэ щытащ. Абы зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм илъэс бжыгъэкIэ яхуэлэжьащ. Ар щахъуэжар 1936 гъэращ. А лэжьыгъэм а зэманым хэлъхьэныгъэ ин хуищIауэ щытащ КIыщокъуэ Алими. Абы щыгъуэ адыгэбзэр урыс хьэрфылъэм и дамыгъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн щIадзэжауэ щытащ, иджыри абы тетщ.

Адыгэбзэм и хабзэхэр зэтегъэувэным, ар къабзэу, шэрыуэу Iуным, къытщIэхъуэ щIэблэм анэбзэм и IэфIагъыр зыхащIэу псэуным лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ зи лъэпкъым и къэкIуэнум щхьэкIэ зигури зи псэри уз ди еджагъэшхуэхэм. Апхуэдэхэщ Урыс Хьэталий, Къумахуэ Мухьэдин, Шагъыр Iэмин, КIэрашэ Зейнэб, Бырсыр Батырбий, Мамрэш Ким, КIуащ Тамарэ, Тау Хьэзешэ, Багъ Пётр, Абрэдж Ачердан, Темыр Рае, нэгъуэщIхэри.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм адыгэбзэм и пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэм епха хабзэхэмрэ жыпхъэ пыухыкIам ирагъэуващ, хьэрфхэм алыфбейм щаIэ зэкIэлъыкIуэкIэхэри яхъуэжащ. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Урыс Хьэталийрэ Зэхъуэхъу Лиуанрэ я нэIэм щIэту зэхалъхьа «Адыгэбзэ орфорграфиемрэ пунктуацэмрэ я хабзэхэр» тхылъыр 1963 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищтауэ щытащ. Абы ипкъ иткIэ, 1980 гъэм дунейм къытехьащ «Адыгэбзэ орфографическэ псалъалъэр», псалъэ мин 90 къызэщIэзыубыдэр. Къыхэгъэщыпхъэщ СССР-м а зэманым щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщ гуэрми апхуэдэ псалъалъэ лIэужыгъуэ зэрамыIар.

Ноби лъэпкъ щIэныгъэлIхэр йолэжь ди анэдэлъхубзэм и хабзэхэр зэпэщ щIыным, бзэм хэт псалъэхэр гъэкъэбзэным, лексикэм нэхъри зегъэужьыным. Ди бзэр хъумэным елэжьыр щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я закъуэкъым - абы ирогузавэ къэрал унафэщIхэри. КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэным, абыхэм адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа унафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ди Парламентым къищтащ. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ лъандэрэ республикэм и школхэм ящыщ куэдым пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэкIэ щрагъаджэ. Анэдэлъхубзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэнымкIэ ари зы хэкIыпIэщ.

Дуней псом щызэлъащIыса Интернетми нобэ щыдиIэщ адыгэ сайтхэр. Ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газетхэм - «Адыгэ псалъэм», «Адыгэ макъым», «Черкес хэкум» - адыгэбзэкIэ укъыщеджэфынущ, ущыпсэу щIыналъэрэ къэралрэ емылъытауэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр махуэ къэс къыдокI электрон жыпхъэми иту. ФIыгъуэшхуэщ таурыхъ цIэрыIуэхэм ящыщ куэдым хэт, ди сабийхэм фIыуэ ялъагъу лIыхъужьхэри адыгэбзэкIэ «зэрагъэпсэлъар».

Лъэпкъым и блэкIари и нобэри къызыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэу щыIэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Зи бзэм хуэсакъ лъэпкъращ къэкIуэну дахэ зиIэр, щIэблэ узыншэ къызыщIэхъуэнур, зэманым текIуэнур. Ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



# Псэм и мылъку гъэтIылъыпIэ

**Бзэр - псэм и мылъку гъэтIылъыпIэщ, лIэщIыгъуэ куэдкIэ цIыхум зэхуихьэсам и хъумапIэщ. Хьэуэ, ар ахъшэкъым, мывэ лъапIэкъым. Абы и лъапIэныгъэр нэгъуэщIщ: макъамэу зэхэпх псалъэхэрщ, уэрэду къэIу псалъэ пычыгъуэхэрщ. Лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, губжьым и псалъэхэрщ. ЩIэныгъэм, щэнхабзэм я псалъэхэрщ. Абы нэмыщIу Iущыгъэ ин зыщIэлъ жыIэгъуэхэрщ, псалъэжьхэрщ, пэж куэд къэзыIуатэ гушыIэ хъыбархэрщ. АдэкIэ къеббжэкIмэ, уи гум хыхьэ усэхэрщ, уэрэдхэрщ, тхылъ Iущхэрщ. Ар псори бзэм и мылъкущ.**

ХАМЭЩI щыпсэу цIыхум и дежкIэ сыту гуфIэгъуэшхуэ и анэдэлъхубзэр зэхихыныр! Зы анэбзэ псалъэм и къару илъщ уигъэхъуэжыну, уи гур къиIэтыну, уи гъащIэм гуфIэгъуэ къыхихьэну.

Бзэ, сыту куэд пхуэзфIэкIрэ! Уи мыцIыхугъэр ныбжьэгъу бощIыф, цIыхухэр зэкъубогъэувэф, лъэпкъым къару ин хыболъхьэ. Ауэ, махуэ къэс бзэр къагъэсэбэпми, куэдрэ къохъу цIыхум абы хуэфащэ пщIэ хуимыщIу. Хамэбзэм къыхэкIа псалъэ куэдкIэ ар якудэ. Абы къыдэкIуэу, лъэпкъым и мылъку хъумапIэм хадз уасэшхуэ зиIэ, лIэщIыгъуэ мымащIэ зи ныбжь IущыIэгъэхэр. И нэхъыбэм цIыхум и бзэр игъэлъэпIэн щыщIидзэр хамэщI къыщыщыхутэм дежщ.

Уи щIыгум къытеуэу ар зыубыдахэр псом япэу иужь йохьэ бзэр ягъэкIуэдыным. Сыт щхьэкIэ? Бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэкъым. Нэхъ лъапIэу иIэр трахри, и щIыгум хамэр тепщэ щохъу. Бзэр зыфIэкIуэда лъэпкъымрэ псэншэ, лъапсэншэ цIыхумрэ зэщхьщ. Апхуэдэ цIыхум лъапIэныгъэ иIэкъым, ар зыми епхакъым.

Бзэншэ лъэпкъыр щIэщIыкI зимыIэ унэм ещхьщ. Жыбгъэ къепщамэ, унэр зэтощащэ. ЦIыхухэри апхуэдабзэщ - зэбгрощэщ. Анэдэлъхубзэ! Лъэпкъым урипсэщ Уэ! ИгъащIэкIи дунейм утетын, лIэщIыгъуэхэм уапхыкIын папщIэ, утхъумэнущ, ди Бзэ дыщэ!

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 12,**
*щэбэт*

♦**ИнтернеткIэ цIыхухэм якIэлъыплъыныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм и махуэщ**
♦**1918 гъэм** Совет правительствэм и унафэкIэ, Москва къэралым и къалащхьэ хъужащ. Гъатхэпэм и 11-м Правительствэр Петербург къырагъэIэпхъукIакIэт.
♦**1912 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, 1965 - 1973 гъэхэм КъБКъУ-м и ректору щыта **КIэрэф Къамболэт.**
♦**1945 гъэм** къалъхуащ УФ-ми Адыгэ Республикэми я цIыхубэ сурэтыщI **Къат Теувэж.**
♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Хъурей Арсен.**

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 13,**
*тхьэмахуэ*

♦**Вагъуэхэм щакIэлъыплъ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Геодезиемрэ картографиемрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**1900 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-ми КъБР-ми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ди республикэм макъамэ гъуазджэм зыщиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Шейблер Труввор.**
♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, **Шумахуэ Владимир.**
♦**1941 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и метролог, КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Юрэ.**
♦**1953 гъэм** къалъхуащ Къэрал лэжьакIуэ, социологием и доктор, профессор, ЩIДАА-м, Социальнэ щIэныгъэхэмкIэ академием я академик, АКъУ-м и ректор **Хъунэгу Рашид.**
♦**1958 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Iэрэмысэ Ринэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 5 - 3 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 14,**
*блыщхьэ*

♦**1853 гъэм** адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Берсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».
♦**1995 гъэм** Налшык экономико-правовой лицей къыщызэIуахащ.
♦**1913 гъэм** къалъхуащ абхъаз тхакIуэ, Куржымрэ Абхъазымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Гулиа Георгий.**
♦**1937 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, литературэдж, критик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид.**

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Фадэр зи ныбжьэгъум жып гъуанэ щIэтщ.

# «СищыIэныгъэ кIэлэегъэджэ сэнэхьатым епхыгъ»






**Сыд фэдэрэ лъэхъани анахь мэхьанэшхо зиIэ ыкIи къинхэм кIэлэегъэджэ сэнэхьатыр ащыщ. Мыщ Iоф рыпшIэныр пстэуми къадэхъурэп. Непэ сыкъызтегущыIэщт бзылъфыгъэр илъэс 56-рэ хъугъэу, емызэщыжьэу, гухахъо хигъуатэу кIэлэегъэджэ сэнэхьатым рэлажьэ. Ар Хьакурынэхьаблэ игурыт еджапIэ адыгабзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ икIэлэегъаджэу Мира Пановар (Хьамырзэкъор) ары. Ау зэкIэми ар зэрашIэрэр ыкIи зэреджэхэрэр Анна Измайловна.**

АННЭ Мыекъопэ кIэлэегъэджэ училищыр къызеухым, исэнэхьаткIэ апэрэ лъэбэкъухэр Шэуджэн районым ит къуаджэу Пщыжъхьаблэ дэт еджапIэм щидзыгъэх. Илъэс заулэ тешIагъэу апшъэрэ гъэсэныгъэ зэригъэгъотыгъ. Адыгабзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ ригъаджэхэу еублэшъ, икъоджэ гупсэ къегъэзэжьы ыкIи илъэс 54-м къыкIоцI иIофшIэгъухэм ахэт.

Сэ зэрэслъытэрэмкIэ, щыIэныгъэ гогум техьанэу зызгъэхьазырыхэрэ ныбжьыкIэхэр ебгъэджэнхэм, бгъэсэнхэм сэнаущыгъэ ищыкIагъ. Ащ дыкIыгъужьынхэ фае гукIэгъур, щэIагъэр, ищыкIэгъэ пхъэшагъэр, акъылыр ыкIи сабыйхэм яшIулъэгъу. Джа зэкIэри зэхэугъоягъэу сигущыIэгъу хэлъых. Узылъызыщэрэ мэкъэ шъабэкIэ мэгущыIэ, ыбзэ баи, Iэдэбыр къебэкIы.

ИщыIэныгъэ гъогу рызэплъэкIыжьымэ, ыгукIэ зэрэразэр тизэдэгущыIэгъу къыщыхигъэщыгъ.

- СицIыкIугъом щегъэжьагъэу сызыкIэхъопсыщтыгъэ, шIу слъэгъущтыгъэ сэнэхьатым Iоф рысэшIэ, гухахъо хэсэгъуатэ, - къеIуатэ Аннэ. - НэмыкI Iофи сфэшIэн Iоу сшIэрэп. СищыIэныгъэ кIэлэегъэджэ сэнэхьатыр пытэу епхыгъ. А зэпстэури къысфэзгъэпсынкIэрэр сабыйхэр шIу дэдэ зэрэслъэгъухэрэр ары. Мэкъэ инкIэ ахэм садэгущыIэнэу, агу хэзгъэкIынэу ныбжьи сыгу къихьагъэп. Сабыир бгъэсэным, пIорэр ебгъэшIэным, узэхихыным апае рэхьатныгъэ пхэлъэу удэзекIонэу щыт. Улъэшы хъущтэп, шIу зебгъэлъэгъумэ, уипредмети шIу ылъэгъущт.

Тиныдэлъфыбзэ изэгъэшIэн, илъэгапIэ лъэхъан зэфэшъхьафхэм бэрэ зызэблахъугъ. Илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, сыхьат пчъагъэу бзэм изэгъэшIэн къыфыхагъэкIыщтыгъэр зэрэбэм ишIогъэшхо къакIощтыгъ. КIэлэегъаджэм зэрилъытэрэмкIэ, адыгабзэр адрэхэм афэдэп. Ащ уеджэ зыхъукIэ пIуныгъэгъэсэныгъэр къыхэмыфэу хъурэп. Ным иIэшIугъэ зэрэлъэшыр, шэн-хэбзэ зэхэтыкIэхэр, нэжъ-Iужъхэм шъхьэкIафэу афашIырэр, нэмыкIхэри рассказхэми, романхэми, повестхэми къахэщых.

- ПIуныгъэ Iофым ипшъэрылъхэр, бзэм изэгъэшIэн кIэлэегъэджэ закъом зэшIуихын ылъэкIыщтэп, - къеIуатэ Анна Пановам. - Ны-тыхэм гъусэныгъэ къыбдыряIэнэу щыт. Унагъор ары зэкIэри къызщежьэрэр, сабыим ащ щилъэгъурэр, щызэхихырэр ишэнхэм къахэфэ. Унэгъо унашъо зэрылъым къикIыгъэ кIэлэцIыкIур зэу къахэошIыкIы. Ныдэлъфыбзэр ным ибыдзыщэ хэлъэу къытетышъ, ащ игъэбзэрэбзэн тапэкIи лъыдгъэкIотэн фае. Сабыир ыбзэ рыгущыIэнэу, ыгъэшIонэу зэрэщытыр ны-тыхэм гурагъэIон фае. ГухэкI нахь мышIэми, адыгабзэр нахь IуагъэзыкIы хъугъэ.

Аннэ иурокхэр зэрэзэхищэщтхэм сыдигъуи шIыкIэ гъэшIэгъонхэр къыфегъотых, гущыIэжъхэр, гущыIэ щэрыохэр егъэфедэх. Дэпкъ гъэзетхэр, нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр, адыгэ тхылъ зэфэшъхьафхэр ренэу хьазырэу зыдиIыгъых. Адыгабзэмрэ литературэмрэ ягъэджэнкIэ зыпкъ иуцогъэ, шIуагъэ зыпылъ IофшIакIэ IэкIэлъ хъугъэми, итворческэ лъыхъонхэр зэпигъэурэп. Адыгабзэм фэгъэхьыгъэ хэутыгъэу тигъэзет къихьагъэхэр зэкIэ ыугъоигъэхэу кIэлэегъаджэм къызфегъэфедэх.

IэпэIэсэныгъэ зиIэ кIэлэегъаджэм Хьакурынэхьаблэ гурыт еджапIэм ипащэ игуадзэу Аулъэ Маринэ мары къыриIуалIэрэр:

- Илъэс пчъагъэ хъугъэу ныбжьыкIэхэм пIуныгъэ аригъэгъотыным, шIэныгъэ куухэмкIэ ыуIэшынхэм мыпшъыжьэу Анна Исмахьилэ ыпхъур ыуж ит. Адыгабзэр нахь чIэнагъэ зыщыхъурэ мы уахътэ кIэлэеджакIохэм бзэр шIу аригъэлъэгъуным, аригъэшIэным дэлажьэ. Къыхэзгъэщымэ сшIоигъу адыгабзэм фэгъэхьыгъэу республикэм ыкIи районым ащызэхащэрэ зэнэкъокъухэм, олимпиадэхэм ригъаджэхэрэм апэрэ чIыпIэхэр бэрэ къызэрэщахьырэр.

Лъэпкъым ыбзэ имашIо зэрымыкIосэщтым, щыIэныгъэм пытэу зэрэхэуцощтым ар ыуж ит. Зисэнэхьат гухахъо хэзыгъуатэзэ Iоф зышIэрэ цIыф. Ары кIэлэегъэджэ анахь дэгъухэм ясатыр хэуцон зыкIилъэкIыгъэри, апшъэрэ категорие къызкIыфагъэшъошагъэри. Ащ нэмыкI щытхъуцIэу ыкIи тынэу къылэжьыгъэри макIэп: «Урысые Федерацием зэхэт гъэсэныгъэмкIэ иIофышIэ гъэшIуагъ», «Адыгэ Республикэм народнэ гъэсэныгъэмкIэ изаслуженнэ IофышI», АР-м и Къэралыгъо Совет - Хасэм и Щытхъу тхылъ, нэмыкIхэри.

ЩыIэныгъэр IофшIэн закъокIэ зэхэтэп. ЦIыфыр нахь зыщырэхьатырэр, гупсэфыпIэ зыщигъотырэр унагъор ары.

- СиунагъокIи сызыкIэхъопсыщтыгъэ пстэури къыздэхъугъэу сэлъытэ, - къеIуатэ тигущыIэгъу. - Тхьэм къысипэси шъэожъыитIу Тимуррэ Руслъанрэ къыспыфагъэх. Ахэм шIэныгъэ куухэр зэрагъэгъотынхэм сыфэбэнагъ. ЩыIэкIэшIу шъуиIэнэу шъуфаемэ, дэгъоу шъуеджэн фае ясIо зэпытыгъ. Тимур апшъэрэ гъэсэныгъитIу зэригъэгъотыгъ, пэщэ IэнатIэхэм аIутыгъ. Ау, гухэкIышхоу, чIэнэгъэшхоу сищыIэныгъэ къыхэхъухьагъ ащ пэсэ дэдэу идунай зэриухыгъэр. Руслъанэ медицинэ ыкIи юридическэ гъэсэныгъэ зэригъэгъотыгъ. Мы уахътэ Шэуджэн район гупчэ сымэджэщым иврач шъхьаIэу Iоф ешIэ. Сишъхьэгъусэу Григорийрэ сэррэ илъэс пчъагъэу къызэдэдгъэшIагъэм сыгу хэкIынэу зы гущыIэ къысиIуагъэу е ымакъэ Iэтыгъэу къыздэгущыIагъэу къэсшIэжьырэп. Шэуджэн район дзэ комиссариатым ипащэу илъэс 28-рэ Iоф ышIагъ, нэужым социальнэ ухъумэнымкIэ къулыкъум хэтыгъ, джы пенсием щыI. Хэушъхьафыкlыгъэу синыситIу, Мирэрэ Бэлэрэ, ягугъу къэсшIы сшIоигъу. Ахэм лъэшэу сафэраз, силъагъо къытесщэнхэ слъэкIыгъ. Зэшыпхъум фэдэхэу, зэгурыIохэу, шIу зэрэлъэгъухэу мэпсэух.

Къыхэзгъэхъожьымэ сшIоигъу, Аннэрэ ишъхьэгъусэрэ яжъышъхьэ мафэхэр джы къафэзгъэчыфыхэрэр ялъфыгъэхэм къакIэхъухьэгъэ нэбгыри 9-р ыкIи ахэм къафэхъужьыгъэ нэбгыри 2-р арых. Ащ нахь насыпыгъэ щымыIэу Анна Пановам къыхигъэщыгъ.

**IЭШЪЫНЭ Сусан.**

*Сурэтхэр* **Iэшъынэ Аслъан** *тырихыгъэх.*





# Убзэ зэгъашIэ, къэухъум



**Адыгэхэм тхэкIэ-еджэкIэ амал загъотыгъэр илъэси 100 хъугъэ. Ащ фэдэ фитыныгъэ лъапIэр лъэпкъым къыфэзыхьыгъэр Октябрэшхор ары.**

АДЫГЭ шъолъырым зэфэдэкIэ еджэпIэ-унэхэр, ублэпIэ ыкIи классибл еджапIэхэр, ыужыIом гурыт еджапIэхэр къыщызэIуахыгъагъэх. Гъэсэныгъэр лъэпкъыр ыпэкIэ лъызгъэкIотэщтэу зэрэщытыр къагурыIощтыгъ.

Ащ дэжьым, Адыгэ хэку гупчэу агъэнэфэгъэгъэ Краснодар зыцIэ шIукIэ Iугъэ Адыгэ педтехникумыр 1925-рэ илъэсым къыщызэIуахыгъагъ. Хэкум а лъэхъаным анахь ищыкIэгъэгъэ кIэлэегъэджэ кадрэхэр ащ къыгъэхьазырыщтыгъэх, гъэсэныгъэ-шIэныгъэ дэгъухэр агъотыгъэу ыкIи цIыфыгъэ-хэбзэ дахэхэр ахэлъхэу ныбжьыкIэхэр къычIатIупщыщтыгъэх.

Лъэпкъ гупчэу Мыекъуапэ загъэнэфагъэр 1936-рэ илъэсыр ары, Адыгэ педтехникумри Адыгэ педучилищ хъугъэу, мыщ къэкощыжьыгъ.

Непэ Адыгэ кIэлэегъэджэ колледжэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъэу Андырхъое Хъусен ыцIэ зыхьырэр анахь тарихъ еджэпIэжъхэм ахалъытэ, илъэсищкIэ иилъэси 100 хигъэунэфыкIыщт. Мы еджапIэр илъагъо нэфынэу, ыцIэ ренэу Iэтыгъэу раIозэ къырыкIуагъ. Педучилищыр къэзыухыгъэхэр арых адыгэ лъэпкъ гъэсэныгъэм шIэныгъэ лъэныкъуабэмкIэ зыкъыщызыушыхьатыгъэхэу, адыгэ лъэпкъыр а гъогукIэ тезыщагъэхэр. Ахэр шIэныгъэлэжьых, тхакIох, усакIох, археологых, журналистых, кIэлэегъаджэх – лъэпкъым кIэсэн пытэу иIагъэх ыкIи иIэх.

Адыгэ тхыбзэр ыкIи адыгабзэр тиIэхэ зэрэхъугъэр ары лъэпкъым ылъапсэ зыгъэпытагъэр ыкIи ишIоигъоныгъэ игугъапIэхэр къыдэхъунхэр къыфэзгъэпсынкIагъэхэр. Хэтрэ цIыф лъэпкъкIи шIоигъор, ыгу илъыр иныдэлъфыбзэкIэ дахэу къызэриIощтым фэдэу, нэмыкIыбзэ горэкIи къыкIэпIотыкIыжьышъунэу щытэп.

Тэ, адыгэхэмкIэ, тынасыпышIу адыгабзэу шIэныгъэ лъэпсэ гъэчъыгъэ зиIэ хъугъэр зэрэтиIэр. Ау, гухэкIми, непэ урысыбзэр «тиныдэлъфыбзэ» хъужьыгъэу, цIыкIуи ини къыIотэкъу, ащ адыгабзэр зэтыреIажэ; непэ унэгъо ныбжьыкIэу лъэпкъым щыщхэм икъоу адыгабзэр агъэфедэрэп, якIэлэцIыкIухэми, ны-тыхэр бзэу зэрымыгущыIэхэрэр нахьыбэм ашIэрэп. Ар фэныкъогъэ дэдэу къытэгъурэ зэрэхъурэр зэхэтэшIэ. Убзэ умышIэжьыныр нэу укъэзылъфыгъэр къимыдзэжьыным, пщыгъупшэжьыным ычIыпI. Арышъ, мы Iофыгъор гъэтэрэзыжьыгъэнымкIэ хэкIыпIэ тэрэзхэу шIуагъэ къэзытыхэрэм яусэгъэнхэр игъо шъыпкъ.

Тыбзэ тымышIэжьэу, тырыгущыIэн тымылъэкIэу, тыгупшысэн ащкIэ тфэмыукIочIымэ, ащыгъум тыхэта? Джащ лъэшэу тынаIэ тетыдзэн ыкIи лIэужыкIэм ыбзэ Iулъэу, рыгущыIэу, ыгъэфедэшъоу, илъэпкъ шэн-хабзэхэр, гъэпсыкIэшIыкIэхэу нэмыкI лъэпкъхэм къахэзыгъэщыхэрэр хэлъэу пIугъэнхэр зэтемыгъэуцожьыгъэмэ хъущтэп. Уегупшысэмэ, тимыIэм тыфэлIэ, тиIэ хъугъэр тшIобылымэу, тыфэсакъэу зетхьэрэп. Арышъ, адыгэхэмкIэ тызэгупшысэн щыI, нэмыкI лъэпкъ щыщхэм адыгабзэр ятэгъашIэкIэ тэ, адыгэхэм, ащ къытхигъахъорэп; адыгабзэр тэры зыбзэр, тэры ащ рыгушхон, рыгущыIэн фаери. Адыгэхэм ялъэпкъыбзэу адыгабзэр, шIокI имыIэу, ашIэн фаеу хъумэ, джащыгъум нахь тыкъызхэшхъожьынкIи хъун. ЫпэкIэ зэрэщытыгъэу адыгэ букварыр, гъэзетэу «Адыгэ макъэр», адыгабзэкIэ къыдэкIырэ журналхэу «Зэкъошныгъэр», «Жъогъобыныр», адыгэ пшысэхэр, адыгэ тхылъхэр тиIанэхэм атетлъхьажьыхэмэ, мы гумэкIыгъор тэкIутэкIоу дэзгъэзыжьыгъэ хъунэу сэгугъэ.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**

# ДяпэкIэ щыIэну дыхуеймэ

**Дэ допсэу дунейпсо цIыхубэм и Iуэхухэр кIуэ пэтми къыщыбатэ, лъэпкъышхуэхэм я бзэхэр, псом япэуи инджылызыбзэр, дунейпсо Iуэхухэр зезыгъакIуэхэр, лъэпкъ цIыкIухэм къащытегуплIэ лъэхъэнэм. Дуней псом деж цIыхубэм я Iуэху зэрыкIуатэм, зэрыпсэум ехьэлIа къэхъукъащIэхэм я зэгъэуIупIэ, зэбгырыкIыпIэ Интернетым, зэрыжаIэщи, цIыкIуи ини зэщIеIулIэ, абы зэману хухахым кIуэ пэтми хохъуэ. Мыбы дэщIыгъупхъэщ телевизорыр, компьютер, телефон джэгукIэхэр.**

А ПСОМИ цIыхум, нэхъыщхьэр аращи, щIалэгъуалэм, Iуэхум къыдэхуэ сыхьэтхэр Iырах къудейкъым, атIэ я акъылыр ягъэутхъуэ, гупсысэхэр елъахъэ, зэхэщIыкIыр егъэуэжьых, анэдэлъхубзэр лъэныкъуэ ирегъэз. НобэкIэ ди къуажэхэм, гуфIэгъуэ, нэщхъеягъуэ зэхыхьэхэм я деж адыгэбзэ къабзэ, шэрыуэ щызэхэпхыжкъым. Пэжщ, а Интернет дыдэмкIэ къэрал куэдым щипхъыхьа адыгэхэм я щIалэгъуалэр зэрощIэ, я езэш тырагъэу. Ауэ абы къикIкъым адыгэбзэкIэ Iуэху зэрахьэу, абы зырагъэужьу, кууэ иризэпсалъэу.

Ди бзэр къызэтенэнымкIэ псом хуэмыдэу куэд дыдэ ялъытащ махуэ къэс ар зыгъэIурыщIэ, зыгъэлажьэ журналистхэм. ЖыIэн хуейщ, куэдым лъэпкъ газетыр къыщIыщIатхыкIыр ди хэгъуэгум, дунейм къыщыхъухэм я хъыбархэр, зэрыжаIэщи, «жьэражьэу», Iуданэм къызэрыпачауэ япэу абы къыраджыкIыну щыгугъыу аракъым. Абы хуолажьэ электроннэ СМИ-хэр. АтIэ абыхэм газетым щалъагъуну хуейщ анэдэлъхубзэ шэрыуэм, псалъэ гъэхуам, ди нобэм къигъэув, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа лъэпощхьэпохэм бзэр зэрыпагъэлъэщым, гупсысэщIэ къызэрыкI псалъэщIэхэр абы къызэригъэщIыфым я щапхъэхэр, ди тхыдэм, щIэнхабзэм, хабзэхэм яхьэлIа тхыгъэ купщIафIэхэр. Журналистхэм куэд дыдэ къыдэлъытащ анэдэлъхубзэкIэ еджэхэм я бжыгъэм хэхъуэнуми хэщIынуми.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм зыхуей IэкIуэлъэкIуагъ тхэным хуаIэу, ящIапхъэ псори ящIэу щыткъым, абыкIи емыкIу яхуэпщI хъунукъым. Ауэ губгъэн яхуэфащэщ анэдэлъхубзэкIэ тхылъ емыджэхэм, абы хуэщхьэххэм, бзэр нэсу зэгъэщIэным хущIэмыкъухэм. Апхуэдэхэм IэнатIэ къыхахыр фIыуэ ямылъагъуу, ягу хуемыкIуащэу аращ, абыкIэ ауэ сытми я щIакхъуэ Iыхьэ кърапэжьу. Зи гур Iуэхум хуэпабгъэ журналистым и тхапIэм, Iэбэмэ къищтэну, телъыпхъэщ псалъалъэ зэхуэмыдэхэр, урысыбзэм ейхэри хэту. Ар зэIумыбз Iуэхухэм щIэупщIэу, нэхъыжьхэм захуигъэзэфу щытын хуейщ. Арыншэу зэрылажьэ Iэмэпсымэу щыт бзэр кууэ ищIэнукъым, и пщэрылъ инми пэлъэщынукъым.

Иужьрей гупсысэм и щапхъэ гуэрхэр, урысыбзэм щыщ псалъэхэмрэ жыIэкIэхэмрэ ди бзэм къызэрыхэдгъэхьэ щIыкIэм ехьэлIауэ. Мыр япэ дыдэу къэтIэту аракъым, илъэс 40 - 50-кIэ узэIэбэкIыжмэ абы зыхуагъазэ зэпыту щытащ. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм хамэбзэ псалъэхэр къызэрегъэщтэн хуей щIыкIэм, ди тхыбзэм и ухуэкIэм зэрызегъэужьыпхъэм ятеухуащ Мамрэш Кимрэ Балъкъэр Бубэрэ я тхыгъэ убгъуахэр, 1954 гъэм къыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и тхыгъэ зэхуэхьэсахэм яхэтхэр. Абыхэм къыщыIэта Iуэхугъуэ зэIумыбзэхэм ящыщ мымащIэ ди нобэми къэсащ анэдэлъхубзэм и лъэкIыныгъэхэм нэмыплъ ирату, и зыужьыныгъэр ялъахъэу, зыхуэмыныкъуэ псалъэхэр абы къыхалъафэу. Пэжу, а мыхъумыщIэхэм я зыныкъуэм щхьэусыгъуэ иIащ - апщыгъуэм къэралым и политикэр ткIийт, щыуагъэ зыIэщIэкIа редакцэ лэжьакIуэр, ауэ сытми етхьэкъуэ къудей мыхъуу, ягъэтIыст. Апщыгъуэми бзэм и лэжьакIуэ пэрытхэм зыжьэу жаIэт зыхуэныкъуэ хамэбзэ псалъэхэм анэдэлъхубзэр зэригъэбейр, икIи дыщIагъужт дэтхэнэ бзэми зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыщхьэу щытыр езым и лъэкIыныгъэхэр зэрыарар.



Ауэ жыIапхъэщ ищхьэкIэ дгъэнэIуа пIалъэм хамэбзэ псалъэхэм я къэщтэкIэр, къащта псалъэм и тхыкIэр зэрефIэкIуар. Абы и щапхъэ гуэрхэр: «Ящик» псалъэр япэу бзэм къызэрыхагъэхьар «ящик» жэуэщ, пIалъэ текIри абы и жыIэкIэри тхыкIэри нэгъуэщI хъуащ - «ашыч». «Комиссия» жыIэкIэр «кIэмис» жэуэ къыхэхьэри иужькIэ «чэмисым» хуэкIуащ, ауэ иужьрей илъэсхэм ятхыу упэщIохуэ «комиссэ» жэуэ. Иджы дыхуэкIуащ а жыIэкIэм и теплъэм (фащэм) дыпыкIыу и купщIэр ди бзэкIэ жыIэным - «гупжьей» жэуэ.

«Учитель» псалъэм и бгъэдыхьэкIэ хъуари ардыдэщ - «учитилу» бзэм къыхэхьами, пIалъэ токIри и мыхьэнэр анэдэлъхубзэм и фащэм йоувэ «егъэджакIуэ» жэуэ, «преподавателым» и мыхьэнэри къиIуатэу. Ди бзэм и лъэкIыныгъэхэр нэгъэсауэ зэрыдмыщIэм, абы и псалъэ гъэтIылъыгъэхэм фIыуэ дызэрыщымыгъуазэм и щапхъэщ «металл» псалъэр, и тхыкIэри щIыгъуу, адыгэбзэм къедгъэщтэну дызэрыпылъыр. ДиIэщ а латин псалъэу нэмыцэбзэм къыхахыу урысыбзэм хагъэхьам ипIэ дахащэу, нэхъ шэрыуэу иува жыIэкIэ - «гъу». Ауэ ар и закъуэу къэтлъагъуфкъым, нэгъуэщI гъунэгъу псалъэхэм яхэжыхьауэ къызэрыкIуэм папщIэ: гъуаплъэ, гъуху, гъущI, гъуджэ (гъуджафэ, гъэджэфа), гъукIэ. Гу лъытэгъуейкъым мы псалъэ псоми я зэхуэдэ Iыхьэу щыт «гъу-м» (и закъуэмэ «гъу») «металл» мыхьэнэ зэриIэм. Абы егъэнаIуэ урысыбзэм къищта псалъэ псори нэуфIыцIщхьэрыуэу ди бзэм къыхэгъэхьэн зэрыхуэмейр. Ди бзэм пщIэ зэрыхуэдмыщIым къыпокIуэ абы къыхэпIиикIыу ерыщагъэ тхэлъу «килограмм» псалъэр зэрыттхыр, ар куэдкIэ нэхъ кIэщIу, шэрыуэу «чил» жэуэ бзэм къызэрищтэрэ илъэс 70-м нэсами. Мыпхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ.

Абыхэм дызыхуашэ гупсысэр зыщ: хамэбзэм щыщ псалъэ, жыIэкIэ къэтщтэным ипэ быдэу дегупсысын хуейщ - дахуэныкъуэ абыхэм, ди бзэкIэ жыдмыIэфыну пIэрэ ахэр? Игъуэ хъуащ «топ» псалъэр зыхэт спорт джэгукIэхэм я цIэхэр адыгэбзэкIэ жытIэну: «футбол» - «лъэтоп», «баскетбол» - «матэтоп», «гандбол»- «Iэтоп», «волейбол»- «топзэхуэдз». Ахэр жыIэгъуафIэщ, инджылызыбзэ жыIэкIэхэм къарыкI мыхьэнэми къыкIэрыхукъым. «Лъэтопыр» ди бзэм екIупсу хоувэ, «футболыр» инджылызыбзэм къызэрыщыкIуэм емыфIэкIмэ зы мащIэкIи къыкIэрымыхуу. Адрей фIэщыгъэцIэхэми я IукIэм ди тхьэкIумэр, я тхыкIэм ди нэр псынщIэу есэнущ.

АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм куэд яхузэфIэкIынущ бзэм зегъэужьынымкIэ, псом хуэмыдэу бзитIыр зэгъунэгъу щIынымкIэ. АбыкIэ, япэрауэ, адыгэбзэми, къэбэрдей-черкесыбзэми къахыхьэ псалъэщIэхэм я тхыкIэр, IукIэр зэхуэдэн хуейщ, бзитIми зыуэ зэдыхыхьэу. КъинэмыщIауэ, щIыпIэцIэхэм, къэралыцIэхэм я жыIэкIэри тхыкIэри зэхуэдэн хуейщ. Ахэр псори зы мурад убзыхуам темыкIыу зэлэжьын хуей Iуэхугъуэ пажэу къэлъытапхъэщ.

**БРАТ Хьэсин,**
*Къэрэшей - Черкесым щIыхь зиIэ и журналист, филологие щIэныгъэхэм я кандидат.*

# Гуащэмыдэ и дерсхэр



**Илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ анэдэлъхубзэр хъумэным, щIэблэм ар яIурылъхьэным зи гуащIэ хуэзыгъэтIылъ цIыхум къикIуагъыххэ гъуэгуанэр сытым пэпшэч хъуну, дапхуэдиз къарурэ шыIэныгъэрэ хэлъыпхъэ апхуэдэм?**

**Адыгэ тхыбзэм и махуэр гъэлъэпIэным - гъатхэпэм (мартым) и 14-м хуэкIуэу, Адыгэ-Хьэблэ районым хыхьэ ВакIуэ-Жылэ (Дохъушыкъуей) адыгэ къуажэжьым дэт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Мурат и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм деблэгъащ. ЗыIудгъэщIащ абы щылажьэ ДжэдыгущIэ (Темырдащхэ япхъущ) Гуащэмыдэ Долэтджэрий и пхъум.**

ГУАЩЭМЫДЭ Бэралъкъы къуажэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутым филологиемкIэ и факультетым, урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэкIэ егъэджакIуэу.

Егъэджэныгъэ къудамэм щиIэ ехъулIэныгъэхэр къыхалъытэкIэрэ, абы «УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIыхьыцIэ лъагэр къыхуагъэфэщащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы еджапIэм деж анэ гуащIафIэм щIыгъуу ипхъу Фатимэ (Сэитхэ я нысэщ) къызэрыдэлажьэр. Абыи, и анэм хуэдэу, и лэжьыгъэ, гуащIэ ин адыгэбзэр хъумэным триухуащ. Ищхьэ нагъыщэ зиIэ егъэджакIуэщ. Егъэджэныгъэмкlэ Iуэху зэхэщIыкI лъагэ зыбгъэдэлъ анэм и лэжьыгъэм и пыщакIуэщ.

**- Гуащэмыдэ, адыгэ тхыбзэм и дыгъуасэр, и нобэр, и пщэдейр дауэ уэ зэрыплъагъур?**

- Лъэпкъым и бзэри, и гъэсэныгъэри зэкIуэлIэжыр бзэращ. Сыт хуэдэ зэмани бзэр хъумэным цIыху къэс хуиIэ бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэшхуэ хуищIын хуейщ. ЕгъэджакIуэм, лъэпкъыбзэр щIэблэм яIурызылъхьэм, къыхуэув къалэныр гугъум я нэхъ гугъужщ.

1975 гъэм ВакIуэ-Жылэ курыт еджапIэм сыкъыIухьауэ щытащ. А зэманым, псалъэм папщIэ, математикэр зэрырагъэджу щытар адыгэбзэт. СощIэж, апщыгъуэм Дагъыстаным къикIри ди къуажэм зы пщащэ цIыкIу къытхуагъэкIуати, вакIуэжылэдэсхэм адыгэбзэ ирагъащIэри ягъэкIуэжауэ щытащ.

Иджы зэрыхъур нэгъуэщIщ: къалэм къикIыу къуажэм къэкIуам урысыбзэкIэ къуажэдэсхэр егъэпсалъэ. ЕджапIэм деж сабийхэр хамэбзэкIэщ зэрызэпсалъэр, зэрызэгурыIуэр. Адыгэбзэр IэщIыб ящIри, хамэбзэр ягъэшэрыуэ. ЩIэблэм анэбзэм фэ зэрырамыплъыр щыплъагъукIэ, уи щхьэфэцыр мэхъей.

Дерсыр щекIуэкIым деж мыадыгэбзэ псалъэ цIыкIухэм къыхагъахуэу, къаупсэлъу здэкъым. ЕджакIуэм епплъ фэращ уэри къыуиплъыжынур. ВакIуэ-Жылэ къуажэм дэсхэр дызэрыпсалъэр «беслъэнеибзэращи», гугъу демыхьу къанэкъым къэбэрдей тхэкIэр ядгъэцIыхунымкIэ. Арами, зэрыхъукIэ зэманым къыхилъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм зыдыдогъэкIу.

**- Иджырей лIэщIыгъуэм къытхуигъэув Iэмалхэр: технологиехэр, псом хуэмыдэу Интернетыр, дауикI, щхьопэ егъэджакIуэм и лэжьыгъэм, еджакIуэм и зыузэщIэныгъэм. Уэ дауэ уеплърэ, апхуэдэ лъэкIыныгъэхэр адыгэбзэр егъэджынымкIэ сэбэп хьэмэрэ зэран?**

- Iэджэри си цIыкIухэм чэнджэщ язот Интернетым ихьэу адыгэбзэр здадж напэкIуэцIхэм зыпащIэну. Хэкупсагъым теухуа лэжьыгъэхэр ястурэ зэпызогъауэ, я гупсысэм и къэухьыр согъэунэху.

Псалъэм папщIэ, Дохъушыкъуей къуажэр илъэс 200-м зэрырикъуам ипкъ иту, «Си къуажэ» зи фIэщыгъэцIэ Iуэрытхыр гунэс ящыхъуу яхуедгъэкIуэкIащ. Абдеж къыщагъэлъэгъуащ къуажэм и тхыдэм зэрыщыгъуазэр, кърат-хэкIащ я нэхъыжьхэм, я адэ-анэхэм къыжраIэжа хъыбарыжьхэр. Пэжщ, еджакIуэ псоми ябгъэдэлъ щIэныгъэр зэхуэдэкъым. Ауэ сэ езгъаджэхэм я нэхъыбэм ядызолъагъу адыгэбзэр фIыуэ зэралъагъур, бзэпсэу зэрыщытыр.

**- ЗэрытщIэмкIэ, уэ еджапIэм щыуиIэпэгъущ уи пщащэ Фатимэ. Абыи ныбжьыщIэхэр адыгэбзэм хурегъаджэ, илъэс тIощIым нэблэгъауэ анэдэлъхубзэм и гуащIэ хуегъэтIылъ. Ауэ, фяужь къиувэну егъэджакIуэхэм сыт я Iуэху зыIутыр? Фызыщыгугъын, фи зэхэщIыкIрэ щIэныгъэрэ къызыхуэвгъэнэн егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр гъуэтыгъуафIэ?**

- А зи гугъу пщIым сыщегупсыскIэ, зэзэмызэ гупсысэ хьэлъэхэр къысхуоуш здезгъаджэ классым нэхуи-хупси къыщыщIэмыхьэжын зэман къэунэхуну. Си еджэгъуэм щыгъуэ, кIэлындорым дыдэтт унэм щызэдгъэщIа усэр къытедгъэзэжу, дерсыр щIидзэмэ, Iэмал имыIэу доскам дызэрыдашынум дыпэплъэу.

Адыгэбзэр къызэтедгъэнэну, щIэблэм яIурылъыну дыхуеймэ, дэ - егъэджакIуэхэм, ди IэмыщIэ илъщ иджырей бгъэдыхьэкIэхэр къэдгъэсэбэпу, дерсхэр щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн тщIыну, джэгукIэ, зэпеуэ Iэмалхэмкlэ ныбжьыщIэхэр бзэм дедгъэхьэхыну. Сэ аращ сызэрегупсысри, сызэрылажьэри.

ЗэрыжысIауэ, Интернетыр къыдогъэсэбэпри, абыкIи согъэлажьэ. Ар абыхэм сэбэпышхуэ яхуохъу адыгэ псалъэ гугъухэр къалъыхъуэну лэжьыгъэ щасткIэ. Къагъуэтар гукъинэж ящохъу. «Интернетым мыхъумыщIагъэр щыкуэдщ» жыпIэу утIысыжкIэ, иджырей еджакIуэр бзэм пхудегъэхьэхынукъым, абы пэжыжьэ хуэпщIынущ мыхъумэ.

Щапхъэ къэсхьынщ. Еблагэ классым нобэкIэ щызогъаджэ зы къэрэшей хъыджэбз цIыкIу, Хачеевэ Марие. Фэзгъэлъэгъуащэрэт ар зэрыгубзыгъэр, адыгэбзэр джыным зэрыщIэхъуэпсыр. Зэрегугъум гу лъызотэри, нагъыщэфIкIэ согъэгушхуэ зэпыт. Хамэ къуажэ къэкуэшыжа цIыкIум ар щыхузэфIэкIкIэ, вакIуэжылэдэс дэтхэнэри зыщIэгупсысысыжыным зыри хуэIуакъым.

**- Узэрылажьэ методикэм теухуауэ сыт къытжепIэфын щIэщыгъуэу, нэгъуэщI егъэджакIуэхэм яйм къащхьэщыкIыу?**

- Япэрауэ, нэхъ тегъэщIапIэ сщIыхэм ящыщщ урысыбзэр адыгэбзэкIэ зэрегъэдзэкIыныр. Ар хуабжьу сабийхэм къохьэлъэкI, ауэ я бзэр екъутэ, я гупсысэр нэхъыбэм хуешэ. Класс нэхъыжьхэм - Iэмал зэриIэкIэ доклад къазогъэщI, классщIыб лэжьыгъэ куэду язот, тхылъ щIызогъэджыкI, ар къазэрыщыхъуа-къазырыгурыIуар иужьым къызжаIэж. Теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр догъэхьэзыр, къыдогъэлъагъуэ.

ЕтIуанэрауэ, си щхьэкIэ къэсщтэнщи, ди лъэпкъыбзэмкIэ къыдэкIыу диIэ адыгэ газет закъуэм - «Черкес хэку»-м и къыдэкIыгъуэ къэс соджэ, къызолъыхъуэ еджакIуэхэм къащхьэпэну, гъэщIэгъуэн ящыхъуну тхыгъэ кIэщIхэр: ирехъу ар хъыбар, таурыхъ, усэ. Сакъыходжэ, зэрагъэщIэну къалэн ящызощI.

**- Узыбгъэдэт лэжьыгъэм лъэныкъуэ гуэркIэ ебгъэфIакIуэну е щIэщыгъуэ гуэр хэплъхьэну ущIэхъуэпсрэ, Гуащэмыдэ...**

- Пэжыр жысIэнщи, сыхуейт адыгэбзэкIэ езгъаджэхэр тхэнкIэ зэпезгъауэу, я зэфIэкIыр наIуэ сщIыну. Ятхар къэтпщытэжа нэужь, лэжьыгъэ нэхъыфIхэр газетым къытеддзэмэ, сабийхэр гушхуэнут, еджэнми нэхъри дихьэхынут. Абы къинэмыщIауи, республикэ хъыбарыбэ IэмалкIэ еджакIуэ нэхъыфIхэм я цIэхэмрэ я сурэтхэмрэ хэIущIыIу зэрытщIар гукъэкIыж дахэу къахуэнэнущ. Ари уасэншэщ. А си мурадыр къыздэфIыгъамэ, Iуэхуфl дыдэ хъунт, сэбэпышхуи зыхэлът.

**- Шэч къытомыхьэ зэрыбдэтIыгъынум, Гуащэмыдэ. Зэпеуэхэр евгъэкIуэкI, лэжьыгъэхэр къытхуевгъэхь. Газетыр нэхъыщхьэу зыхуэлажьэр къыдэкIуэтей щIэблэм и къэкIуэнуращ. ФыхущIигъыхьэ!**

*Епсэлъар* **ЛЫХЬ Тимурщ.**
*Сурэтыр* **Туаршы Беслъэн** *трихащ.*



ЦIагъуэ Нурий



«Гъуазэ» газетым и теплъэр.

# «Гъуазэр» зи гъуэгугъэлъагъуэ

**Адыгэ тхыбзэр къежьэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ ди япэ лъэпкъ газетхэм. Абыхэм алыфбеищIэр щызэхалъхьэ, щыпхагъэкI къудейтэкъым, атIэ традза тхыгъэхэмкIэ цIыхухэм къеджэкIэрэ тхэкIэрэ щрагъащIэт.**

ДИ ЛЪЭПКЪ хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къызэрежьам кууэ щыгъуазэу щытащ «Къэббалъкътелерадиом» и унафэщIу, «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта Кхъуэlуфэ Хьэчим (и ахърэтыр нэху Алыхьым ищI!). 1910 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3-м Тыркум адыгэ тхыгъэхэр тету япэ дыдэу къыщыдэкIа «Гъуазэ» газетым и экземпляр псоми, щIагъуэ къэмынэу, сурэт тригъэхыжри адэжь Хэкум абы къришэжащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым иритыжащ. Пасэрей тыркубзэкIэ (уэсмэныбзэкIэ) а къыдэкIыгъуэхэм нэхъыбэу къытехуа тхыгъэхэр (адыгэбзэкIэ тхар зэрыхъур 15-т) ди тхыбзэм къигъэзэгъэжынымкIэ IэщIагъэлIхэр кърищалIэри, ахэр хэlущIыIу ищIащ. Илъэсипщl ипэкIэ ди лъэIукIэ игъэхьэзырри «Адыгэ псалъэм» и номер зыбжанэм (7-м!) зэкIэлъхьэужьу Хьэчим къытригъэдзат «Гъуазэм» и нурыр хэужьыхакъым лIэщIыгъуэм и пшагъуэм» тхыгъэ купщIафIэхэр зэрыт напэкIуэцI щхьэхуэхэр. Ахэр гупсэхуу Iыхьэ-Iыхьэурэ джын хуейщ, лъэпкъ журналистикэмрэ адыгэ тхыбзэмрэ хамэ щIыпIэхэм къызэрыщежьам зыщыбгъэгъуэзэн папщIэ. Къапщтэмэ, къэпщIэфынущ хьэрып хьэрфхэмкIэ уэсмэныбзэкIэ нэхъыбэу къыдэкI «Гъуазэм» и номер зыбжанэм къытригъэзэжыурэ мыпхуэдэ хъыбарегъащIэ къызэрытехуар: «ЗэдэIэпыкъуныгъэ» шэрджэс щIэныгъэгъуазэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм зэпеуэ къызэIуех шэрджэс азбукэрэ грамматикэрэ зэхэлъхьэным теухуауэ. Нэхъыфlу къалъыта лэжьыгъэм папщIэ тырку ахъшэ фунт 50 саугъэту ягъэув... Зэпеуэм и пIалъэр мази 6-щ».

Мазэ дапщэ зэпеуэм ихьами, хэт абы щытекIуами тщIэркъым, ауэ а 1910 гъэ дыдэм щIадзащ адыгэбзэкIэ зэреджэну тхылъхэр традзэу. Пэжщ, Тыркум адыгэ тхыбзэ къызэрыщежьам и тхыдэр иджыри шэч къытумыхьэжыу зэфIэгъэува хъуакъым. Тэмэму къэлъытэн хуейуэ Кхъуэlуфэм игъэувыр япэ адыгэ алыфбейр, хьэрып тхэкIэр зи лъабжьэр, Тхьэрхэт Ахьмэд Джавит-пащэм зэрызэхигъэуварщ. Ар 1897 гъэм Истамбыл къыщыдигъэкIащ. 1902 гъэм дунейм къытехьащ Пщыхьэлыкъуэ Мухьэмэд-Алий и алыфбейр. ЦIагъуэ Нурий зэритхыжамкIэ, 1909 гъэм и фокIадэм (сентябрым) Истамбыл щытрадзащ Нэгъудж Суадрэ езымрэ зэхалъхьа алыфбейр. Арат зэратхар школ къызэIуахым есэпымрэ географиемрэ зэрыщеджэн тхылъхэу 1910 гъэм Нурий къыдигъэкIахэр.

УпщIэ къоув: Тхьэрхэтымрэ Пщыхьэлыкъуэмрэ я алфавитхэр хьэзыру щыщыIэкIэ, зэпеуэ сыт къыщIыхалъхьар? Абыхэм арэзы темыхъуэжу арагъэнт. Зэпеуэм щытекIуари «Гъуазэр» къызэрыдэкIа тхыбзэри (иужькIэ Бахъсэн тхылъ тедзапэр зэрылэжьари) ЦIагъуэмрэ Нэгъуджымрэ я алыфбейр арауэ уогупсыс.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ, нэхъ иужькIэ езы Тыркуми, Сириеми, Египетми щыпсэу адыгэхэм нэгъуэщI алыфбей зыбжанэ зэрызэхалъхьар. Абыхэм яхэтащ латин, алыдж тхэкIэм тещIыхьахэри. Истамбыл хасэм и пашэхэм тхылъ, газет къыдагъэкIыну, школхэм абыкIэ щрагъэджэну хьэрып тхэкIэр нэхъ къыщIащтари гурыIуэгъуэщ - ар ящIэ муслъымэну дунейм тетым, Тыркуми Урысейми ис адыгэхэр яхэту. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я анэдэлъхубзэкIэ тыншу тхэкIэ, еджэкIэ зрагъэщIэнут. Нэхъ тынш хъурт полиграф техникэм и къэгъэсэбэпынри. Апхуэдэ тхыбзэ зиIэ газетым тыншу зэпищIэфынут дуней псом адыгэу тетыр.

Абы щыгъуэми зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым адыгэ тхыбзэм и лъабжьэр Хэкужьым къызэрыщежьэр. ЩэрэлIокъуэ Нэтэукъу, Нэгумэ Шорэ, Бырсей Умар сымэ я деж къыщыщIэдзауэ, зыкъым, тIукъым хьэрып, урыс хьэрфхэр зи тегъэщIапIэ тхыбзэ ди лъэпкъым хуагъэпсыну иужь итар. Адыгэ алыфбеи тхылъи япэу къыщыдэкIар ди хэкурщ. Пэжщ, абыхэм гъащIэ кIыхь яIакъым: Урысей пащтыхьым и зэрыпхъуакIуэ политикэм къитIасэртэкъым зыIэщIигъэхьа лъэпкъ мащIэхэр я бзэкIэ егъэджэныр.

Зэрыщыту адыгэбзэкIэ (къэбэрдей диалекткIэ) традза адыгэ газет япэу къыщыунэхуари ди хэкурщ. Ар 1917 - 1918 гъэхэм Бахъсэн къыщыдэкIа «Адыгэ макъырщ». Пэжщ, ар Тыркум къыщыдэкIа «Гъуазэм» къыпызыщэм хуэдэт. Зэрытрадзэри абы и хьэрфхэрт, и редакторри ЦIагъуэ Нурийт.

Бзэхэм я гъащIэр илъэс мин бжыгъэкIэ къабж. Ди тхыбзэм и къежьапIэу зи гугъу тщIы илъэсищэм зы мащIэкIэ щIигъу лъэхъэнэри тхыдэм и дежкIэ напIэдэхьеигъуэщ. АрщхьэкIэ а зэман кIэщIым кърикIуащ адыгэбзэр зэрытха лъэпкъ газетхэм ди анэдэлъхубзэм... 

Бзэхэм я гъащIэр илъэс мин бжыгъэкIэ къабж. Ди тхыбзэм и къежьапIэу зи гугъу тщIы илъэсищэм зы мащIэкIэ щIигъу лъэхъэнэри тхыдэм и дежкIэ напIэдэхьеигъуэщ. АрщхьэкIэ а зэман кIэщIым къриубыдэу жьэрыIуатабзэу къекIуэкIа ди анэдэлъхубзэр тхыбзэм изэгъащ, сыт и лъэныкъуэкIи зызыужьа лъэпкъышхуэхэм я литературэбзэхэми я щапхъэ нэхъ пажэхэр къищтащ. АдэкIэ егъэфIэкIуэн, зегъэубгъун, гъащIэм нэсу къыщагъэсэбэпу щIын хуейуэ аращ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



# Лъэпкъым и Iуэхур дэкIын папщIэ

**Дэтхэнэ зы лъэпкъри уахътыншэ зыщI нэщэнэ нэхъыщхьэщ бзэр. Лъэпкъым зихъумэжыну игу илъмэ, псом япэу зыхуэсакъыпхъэр и анэдэлъхубзэр зэрыфIэмыкIуэдынырщ. Ар къазэрыгурыIуэн зэхэщIыкI зиIэ цIыхухэри аращ апхуэдизу щIригузавэр ди бзэм и къэкIуэнум. УсакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, «бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр» *(Бещтокъуэ Хьэбас)*. Нобэ абыкIэ зэи хуэмыдэжу шынагъуэ къыткIэщIэзэрыхьащ лъэпкъ мащIэхэм.**

ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, иджырей гъащIэм, зэрыжаIэу, банэ бжыхькIэ зыкъэпхухьыжу зыри зыхуымыгъэхьэу икIи зыми уахэмыхьэу упсэужыфынукъым. Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым а псори иризэгурыIуэну зы бзэ щымыIэнкIэ Iэмал иIэкъыми, апхуэдэ къалэн зиIэ хъуа урысыбзэр адрейхэм зэпымыууэ къатогуплIэ зэманыфI хъуауэ. Ауэ иужь лъэхъэнэм, къэралым и гъунапкъэхэр зэIуха зэрыхъу лъандэрэ, Iуэхур нэхъ хьэлъэж ищIащ «дунейпсо модернист культурэ» жыхуаIэу, хы къэукъубеям ещхьу, бзэи хабзи къытхуимыгъэнэжу дыщIэзылъафэм. Дэ тхуэдэхэр щыгъэтауэ, я нэхъ лъэпкъышхуэхэри егъэгулэз абы. Сытхэр ди Iэмал, сыт тхузэфIэкIыну къэдгъанэрэ автономие зиIэ республикэхэм ди бзэр тхъумэжын, ар едгъэфIэкIуэн папщIэ мы дызэрыт лъэхъэнэм? А упщIэм и жэуапыр псом япэу къыщыщIэдзапхъэр ди къэралым абы и лъэныкъуэкIэ къыдит хуитыныгъэхэрщ.

Урысей Федерацэм и къэрал хабзэхэм щыубзыхуащ лъэпкъхэм я бзэхэм яIэн хуей увыпIэр. Хабзэ Нэхъыщхьэм (Конституцэм) и 26-нэ статьям щыжеIэ дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпыну, зэрыпсэлъэну, зэригъэсэну, зэреджэну, зэрылэжьэну бзэр езым къыхихыжыну хуитыныгъэ иIэу. А хабзэм и 29-нэ статьям идэркъым бзэхэр зэхуумыгъадэу зэхэгъэж пщIыну. УФ-м и Конституцэм и 68-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ республикэхэм езыхэм я къэралыбзэхэр къыхахыжыну зэрыхуитыр, апхуэдэу къащта бзэхэр урысыбзэм щIыгъуу республикэм и къэрал, щIыпIэ органхэм къыщагъэсэбэп зэрыхъунур, лъэпкъ псоми я бзэр яхъумэжынымкIэ, ар яджынымкIэ икIи абы зрагъэужьынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и шэсыпIэу къэралыр къызэрыувыр. ЩыIэщ нэхъ пыухыкIауэ «УФ-м и лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа» законри. Абы бзэ псори зэхуигъадэ къудейм къыщымынэу, УФ-м и Правительствэм къалэн щещI лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ программэхэр зэхалъхьэу абыхэм ятекIуэдэну мылъкур федеральнэ бюджетым хухихыну. Лъэпкъхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ хъумэным хуэунэтIащ «Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием теухуа», «Урысей Федерацэм ис лъэпкъ мащIэхэм я хуитыныгъэхэм я шэсыпIэхэм теухуа», нэгъуэщI законхэри.

КIэщIу жыпIэмэ, иужьрей илъэсхэм ди къэралым иIэ хъуащ лъэпкъхэм я бзэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лъабжьэ быдэ. Ар къагъэсэбэпурэ лъэпкъ республикэхэм ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зыIэрагъэхьащ я лъэпкъыбзэхэм нэхъ къару иратын, абыхэм я мыхьэнэм хагъэхъуэн я лъэныкъуэкIэ. Псом хуэмыдэу а IуэхумкIэ япэ ищащ Тэтэрстанымрэ Башкоторстанымрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми 1995 гъэ лъандэрэ щызокIуэ ди республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа законыр. Абы ипкъ иткIэ, дэ диIэщ къэралыбзэу щы: адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ахэр я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэу щызекIуэн хуейщ республикэм и къэрал, жылагъуэ IэнатIэ псоми. А хабзэр гъащIэм хэпща хъуным хуэунэтIауэ къэрал программэ щхьэхуи къащтауэ щытащ, икъукIэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, закон зэхэплъхьэныр нэхъ тыншщ, ар бгъэзэщIэным нэхърэ. Пэжщ, ар езыри щызэхалъхьэм щыгъуэ тхузэфIэкIынум и инагъыр къамылъытэу къыщIагъэлъэIуауэ къыщIэкIынут. Ауэ мымащIэу Iуэхур къилъэхъащ емыгугъуныгъэми.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, бзэхэм я IуэхухэмкIэ комиссэ е комитет, президентым е правительствэм егъэщIылIауэ зэпымыууэ щолажьэ Урысейм и республикэхэм я нэхъыбэм икIи абыхэм я фIыгъэкIэ бзэм и Iуэхур а щIыпIэхэм нэхъыфIу щыдокI. АтIэми, «бзэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» жыпIэмэ, ар зыми и мыIуэхуу къыщIедзыж. Си гугъэмкIэ, щIэблэ къэхъум и анэдэлъхубзэр егъэджыныр бзэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. ЩIэныгъэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ: зи цIыху бжыгъэр мащIэ лъэпкъым и бзэр хъума хъун, къызэтенэн папщIэ хэкIыпIэрэ Iэмал нэхъыщхьэу щыIэр а бзэмкIэ школым щегъэджэн хуейуэ аращ.

Бзэр хъума хъунымкIэ егъэджэныгъэ системэм иIыгъ увыпIэм, иIэ мыхьэнэм ехьэехуэу иджырей лъэхъэнэм къалъытэ телевиденэр. Ауэ абыи адыгэбзэм зэманышхуэ къыщылъысрэ? Аращи, сабийр гущэм щыхэлъым къыщыщIэдзауэ нэхъыбэу зэхихыр адыгэбзэкъым. Апхуэдэурэ кIуэмэ, зэман гъунэгъум къалэр къэгъэнауэ, адыгэ къуажэхэми адыгэбзэкIэ сабийхэр щымыпсэлъэжу хъунущ.

Мыр едгъэлейуэ къыфщымыхъун папщIэ, щапхъэ къэтхьыну дыхуейщ, абы щыхьэт техъуэу. 1994 гъэм Тыркум щыпсэу адыгэхэм я деж экспедицэ дыкIуауэ щытащ, я бзэ, я хабзэ сытхэм дыкIэлъыплъыну. Къайсэр лъэныкъуэкIэ адыгэ фIэкIа нэгъуэщI лъэпкъ яхэмысу къуажэ пщIы бжыгъэхэр щыIэщ. Абыхэм дэс балигъхэр уэрсэру адыгэбзэкIэ къыдэпсалъэрт, сабийхэм анэдэлъхубзэм и пIэкIэ яIурылъыр тыркубзэт, кIуэ, зыгуэр тIэкIу къагурыIуэу арат анэдэлъхубзэмкIэ. Абы и щхьэусыгъуэм дыщIэупщIати, къыджаIар мыращ: апхуэдэу зэрыхъурэ куэд щIакъым - иужь илъэс 15 - 20-рщ. Ар нэхъыщхьэу зи ягъэу къалъытэри канал куэдкIэ тыркубзэкIэ къахэпсэлъыхь телевиденэрщ: еджапIэм макIуэри тыркубзэкIэ йоджэ, унэм къокIуэжри тыркубзэ телевизорым йоплъ. Аращи, абы теша мэхъу. Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. Инджылызым и Уэльс щIыпIэм щыIэщ лъэпкъ мащIэ, валиибзэ жыхуаIэр яIурылъу. Инджылызыбзэм къыдигуэурэ хэкIуэдэж щыхъум, а лъэпкъым и интеллигенцэм зыкъаIэтащ, я бзэр хъума хъунымкIэ къэралыр къадэIэпыкъуну къагъэуву. Псом япэуи абыхэм правительствэм паубыдар я бзэкIэ лажьэ телеканал къызэгъэпэщынырщ. Валиибзэ езыгъэдж егъэджакIуэхэм жаIэрт апхуэдизу гугъу зыдрагъэхьу сабийм ирагъащIэ анэдэлъхубзэр жэщи махуи телеэкраным къиIукI инджылызыбзэм сабийхэм зэраIэпиудыжыр, апхуэдэ щIыкIэкIи я лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрыхъур. Британием и правительствэм и унафэкIэ, 1980 гъэм Уэльсым «ЕплIанэ канал» жыхуаIэр иратауэ щытащ, валиибзэ защIэкIэ лэжьэну, абы лъандэри валиибзэр ассимиляцэм пэщIэтыф хъуащ.

Ди бзэр тхъумэнымкIэ, абы и къарум хэдгъэхъуэнымкIэ ахэри хэкIыпIэфI дыдэ хъунут.

**БИЩIО Борис**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор.*




# Зэрытхуэзэфlэкlкlэ защlыдогъакъуэ

**Цlыхур къызыхэкlа лъэпкъыр къэзыгъэлъагъуэр къыщалъхуа щlыпlэракъым, атlэ къэзылъхуа адэ-анэмрэ зэрыпсалъэ бзэмрэщ, зэрихьэ хабзэрщ. Дунейм укъызэрытехьэрэ зэхыумыха дэтхэнэ зы бзэри балигъ ухъуа нэужь зэбгъэщlэну тыншкъым, ар уи анэбзэ ирехъу, хамэбзэ ирехъу. Хэхэс адыгэхэм адыгэбзэр зрагъэщlэныр гугъу щlэхъури аращ. Тыркум телефон, телевизор, интернет къыщыщемыжьэм, цlыхухэр нэхъ зэкlэлъыкlуэу, зэрылъагъуу, щызэхыхьэкlи адыгэбзэр нэхъ къагъэсэбэпу щытащ, уеблэмэ а лъэхъэнэм тыркубзэр фlыуэ зымыщlэ нэхъыжь куэд щыбгъуэтынут а къэралым.**






ЗЭМАНЫМ зиужьыху, щlалэгъуалэр еджэн, лэжьэн папщlэ, къалэшхуэхэм дэтlысхьэу щlадзащ. Апхуэдэурэ я унагъуэм, я лъэпкъым, я къуажэм пэlэщlэ щыхъум, здэlэпхъуа щlыпlэм къыщекlуэкl бзэм нэхъ ирипсалъэурэ, адыгэбзэр lэщlыб яфlэхъуащ икlи зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьу хуежьащ. Ар Тыркум и мызакъуэу, адыгэ хэхэс здэщыlэ дэтхэнэ зы щlыпlэми нобэр къыздэсым къыщокlуэкl. Абы къыхэкlкlэ я бзэр ямыгъэкlуэдыжыпэу яхъумэныр мыхьэнэшхуэ зиlэ lуэхугъуэщ икlи къалэн гугъущ.

Хэхэсхэм адыгэбзэр егъэджынымкlэ сыт щlэн хуейр, дауэ узэрыбгъэдыхьэнур а lуэхум? Мы упщlэхэм псори арэзы къэзыщlын жэуап тхуетынкъым, ауэ, дэ дызэреплъымкlэ, хэхэсхэм адыгэбзэр зэраджынымкlэ методикэ щхьэхуэ щыlэн хуейщ икlи а методикэр адыгэр зэрыс щlыпlэм, абы зэрыщыпсалъэ бзэм елъытауэ зэхэлъхьапхъэщ. Ди лъэпкъэгъухэр зэрыс къэралыгъуэхэм дэтхэнэ бзэр къыщагъэсэбэпми пщlэуэ, а бзэхэм я гъэпсыкlэр адыгэбзэм къызэрыщхьэщыкlым ипкъ иткlэ, зыlущlэну гугъуехьхэр къыбгурыlуэу егъэджын хуейщ. Псалъэм папщlэ, нэгъуэщl бзэкlэ псалъэуха псокlэ къэпlуатэ хъунур, адыгэбзэм зы псалъэкlэ зэфlегъэкl:

Сыноплъ – Ben sana bakyorum

Сыкъыбдофэ – Ben seninle dans ediyorum

Адыгэбзэр зэрадж тхылъ куэд хэкум къыщагъэсэбэп, ауэ абыхэмкlэ хэхэсхэм адыгэбзэр ебгъэщlэну тыншкъым. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, адыгэбзэр зыдж хэкурысымрэ хэхэсымрэ зыкъым. Япэрауэ, адыгэ хьэрфылъэр кирилл алфавитым тету зэрызэхэлъхьам къыхэкlкlэ, къэралым къыщагъэсэбэп тхыпхъэм тохуэри, хэкурысыр тыншу еджэн, хуожьэ. Етlуанэрауэ, хэкурысым адыгэбзэр и унагъуэми, еджапlэми, уэрамми щызэхех, къыщигъэсэбэпын утыку йохуэри, lэмалыншэу зэригъэщlэн, ирипсэлъэн хуей мэхъу. Хэхэс адыгэм уеплъмэ, гугъу ехьу зригъэщlа адыгэбзэр зэрыщымыгъупщэным елlэлlэн, уеблэмэ къыщигъэсэбэпын утыкури езым къилъыхъуэжын хуей мэхъу. Абы къыхэкlкlэ, хэхэсхэм адыгэбзэр егъэджын папщlэ, бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэ щыlапхъэщ. Дэ къызэрытлъытэмкlэ, япэрауэ, дуней псом хамэбзэр щаджкlэ, бзэщlэныгъэм теухуауэ дерсхэр A1, A2, B1, B2, C1, C2 жыхуиlэу зэрызэхэхам хуэдэу, адыгэбзэри абы ещхьу зэгъэзэхуэн хуейщ:

- Пэщlэдзэ щlэныгъэ (A1, A2)
- Курыт щlэныгъэ (B1, B2)
- Щlэныгъэ куу (C1, C2)

Ауэ дэтхэнэ зы lуэхури щаублэкlэ, зы лъабжьэ гуэрым зэрытращlыхьым ещхьу, апхуэдэ программэ бгъэхьэзырын ипэ, адыгэбзэм и грамматикэр зэрыщыту тыркубзэкlэ тхыжауэ, лъабжьэ хуэщlын хуейуэ къыдолъытэ. Абыкlэ сэбэп къытхуэхъунущ бзэм елэжь щlэныгъэлlхэм хамэбзэр (етlуанэ бзэр) джынымкlэ ятха методикэ зэмылlэужьыгъуэхэм дахэплъэрэ, абыхэм ящыщ тегъэщlапlэ тщlымэ.

Хэкум дыкъикlауэ Тыркум илъэс бжыгъэкlэ адыгэбзэкlи урысыбзэкlи щедгъаджэ щыхъум, дэри, зи гугъу тщlа lуэхушхуэм тхузэфlэкl лэжьыгъэкlэ дыхыхьэну мурад тщlащ. Абы къыхэкlкlэ ди лъэпкъэгъухэм папщlэ адыгэбзэм и грамматикэр тыркубзэкlэ къэзыгъэлъагъуэ тхылъ дгъэхьэзыращ. Ди lэдакъэщlэкlыр, адыгэбзэр етlуанэ бзэуэ щрагъэджкlэ, щlэдзапlэ, курыт, куу гъэпсыкlэм елъытауэ ягъэхьэзырыну лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъуну къыдолъытэ. Щlэныгъэр и лъабжьэу зэхэлъхьа зэрыхъуам и фlыгъэкlэ, мы тхылъыр еджапlэхэми егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр еджапlэ нэхъыщхьэхэми (университетхэми) къыщыбгъэсэбэп хъунущ. Ди lэдакъэщlэкlыр, псом нэхъапэу зыхуэгъэзар Тыркум ис адыгэхэрами, абы и мызакъуэу, тыркубзэр зыщlэу адыгэбзэр зыджыну мурад зиlэ дэтхэнэ зы цlыхуми хуэщхьэпэнущ. Тхылъыр щызэхэтлъхьэм, Тыркубзэмрэ хамэбзэмрэ джынымрэ къегъэщтэнымкlэ и къэпщытакlуэ центр TMER-ым къыдагъэкlа тхылъхэр, Гениш Аюб урысыбзэ зыщlэу тыркубзэ зыджынухэм ехьэлlауэ игъэхьэзыра «Тыркубзэм и грамматикэ» тхылъыр, абы нэмыщl урысыбзэр хамэбзэу егъэджынымкlэ къагъэсэбэп методикэхэм дахэплъэурэ ттхащ.

Адыгэбзэм и грамматикэм теlэжьыхьа щlэныгъэлlхэу Урыс Хь., Джаурджий Хь, lэмырокъуэ И. сымэ я lэдакъэщlэкlхэри, хэкум адыгэбзэ щаджкlэ зэрылажьэ тхылъхэри тегъэщlапlэ тщlащ. Дызэрыт илъэсым и кlэм нэмысу фи пащхьэ къитлъхьэну тхылъыр тыркубзэр зыщlэ дэтхэнэ зы цlыхуми, и унэм щlэмыкlыу, адыгэбзэр езырезыру зэрызригъэщlэфын «lэмэпсымэу» жыпlэми хъунущ. Абы и мызакъуэу, адыгэбзэр зыщlэу зыщыгъупщэжахэм, ирипсэлъэфу, ауэ тхэкlэеджэкlэ зымыщlэхэм е мащlэу ящlэрэ я щlэныгъэм хэзыгъэхъуэну хуейхэми дэlэпыкъуэгъу яхуэхъунущ. Тхылъым итынухэм кlэщlу утепсэлъыхьмэ, япэ lыхьэр хьэрфхэм я тхыкlэм, я къеджэкlэм, я къэпсэлъыкlэм теухуащ. Еджакlуэхэм нэхъ къагурыlуэн щхьэкlэ хьэрф къэс укъызэреджэнур латин хьэрфкlэ къэгъэлъэгъуащ, ауэ латин тхыбзэм хьэрфхэм и къеджэкlэм ухишэ фlэкlа, иужькlэ тхылъым ущрихьэлlэнукъым.

Абы нэмыщlкlэ нобэрей зэманым бзэр щаджкlэ къагъэсэбэп технологиехэр зыдэдгъэlэпыкъуурэ, хьэрф къэс видео яхуэдгъэхьэзырри QR-код яхуэтщlыжащ. Мы бгъэдыхьэкlэм и фlыгъэкlэ, еджакlуэм и телефоныр QR-кодым триубыдэмэ, хьэрфхэмрэ псалъэхэмрэ къабзэу я къэпсэлъыкlэм едаlуэурэ езым къипсэлъыжыфу зригъэсэфынущ. Иужькlэ хуеймэ, къытригъэзэжурэ, хуеймэ, къигъэувыlэурэ, псалъэхэм я тхыкlэмрэ я мыхьэнэхэмрэ мыпlащlэу зригъэщlэфынущ.

Тхылъым щхьэкlэ дгъэхьэзыра видеохэм ящыщу щапхъуитl къитлъхьащи, иджыпсту щыщlэдзауэ фихьэу адыгэбзэр зэвгъэщlэн къыщlэвдзэ хъунущ. Адрей видеохэр тхылъым и гъусэу къыдэдгъэкlынущ. Апхуэдэу, lэмал зэриlэкlэ, еджакlуэхэм бзэр къызэрыгъэсэбэпын лъабжьэ яхуэдухуэну дыхэтащ. Мыпхуэдэ lуэху еплъыкlэр еджакlуэхэм гъэщlэгъуэн ящыхъуну, адыгэбзэм нэхъ дихьэхыну, и джынри нэхъ псынщlэ ящищlыну къэтлъытащ. «Хьэрфылъэ» lыхьэр зэфlэкlа иужь, грамматикэм хохьэри щыlэцlэхэм, плъыфэцlэхэм, бжыгъэцlэхэм, цlэпапщlэхэм я закъуэ, куэд бжыгъэхэм, падежхэм, глаголым, нэгъуэщl темэ куэдми кууэ тыркубзэкlэ дыщытопсэлъыхь. Къэтlуатэ темэхэм теухуа щапхъэхэр, псалъэуха къудей мыхъуу, адыгэ псэлъэжьхэмкlэ, усэхэмкlэ, псысэхэмкlэ, уэрэдхэмкlэ къыщыдгъэлъэгъуащ. Псоми я мыхьэнэр тыркубзэкlэ якlэщlэттхэжащ. Абы нэмыщlкlэ еджакlуэр теорием къеджэ къудей мыхъуу, зригъэщlар занщlэу къигъэсэбэпын папщlэ, темэ къэс зэлэжьын хуей упщlэхэр, зэридзэкlын хуей псалъэухахэр, псалъэзэблэдзхэр дэщlыгъущ. Пэжу ищlарэ имыщlарэ зыкъипщытэжын папщlэ лэжьыгъэхэм я жэуапхэри я гъусэжщ.

Мы тхыгъэм зи гугъу щыфхуэтщlа тхылъыр цlыхуитl къудейм ди lэдакъэщlэкlщ. Абы дыщелэжьым ди щlэныгъэм и мызакъуэу, ди зэманымрэ ди къарумрэ щlыхэтлъхьам и щхьэусыгъуэр зы закъуэщ - Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу лъапlэхэм ди бзэр яхъумэжын папщlэ зэрытхузэфlэкlкlэ защlэдгъэкъуэну аращ. Езыхэми зрагъэлlалlэрэ адыгэбзэр ямыгъэкlуэдыжу зрахьэжыфмэ, ди мурадыр къыдэхъулlауэ дыбж хъунущ.

Дэ бзэр тхъумэмэ, езыми дыкъихъумэжынущ!

**ГЪУЭГУНОКЪУЭ Лизэ,**
**ТЭНАЩ Тамарэ.**
*Тырку Республикэ*




# Анэдэлъхубзэм уеlэт

**Гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуауэ щыта, «Букварь» жиlэу зытета тхылъ цlыкlур къызэрытlэрыхьэрэ илъэс щэ ныкъуэ нэхърэ нэхъыбэ блэкlагъэнщ. Ди анэдэлъхубзэм дрипсэлъэф къудейуэ арати, абы ит сурэтхэм дэщlыгъуа хьэрфхэр щапхъэ тхуэхъури, куэд дэмыкlыу еджэн щlэддзат. Абгъуэм япэу къилъэтыкl гъатхэ бзу шырхэм дахуэдэт, дамэ къыттекlами ярейуэ дыгуфlэрт.**

ТХЫЛЪЫМПlЭ напэ куэди мыхъу а зы тхылъ цlыкlум зэlэпытхыу деджэрти, зы махуэм зым ар унэм здихьырт, къыкlэлъыкlуэм нэгъуэщlым ириту дыкъекlуэкlырт - щlэх къызылъымысым и жагъуэ хъууэ. Зэпэубыдауэ зетхьэ тхылъыр здэщыlэ унагъуэхэм дыщыкlуи къэхъурт. Зы хэкlыпэ гуэр къэлъыхъуэн хуейт: lэкlэ дгъэбэгъуэн е тредгъэдзэн. Нобэ хуэдэу тхыгъэхэр зэрагъэбагъуэ техникэ дэ диlакъым, ауэ и шэрхъыр lэкlэ зэрашэу щыlа lэмэпсымэм хуэдэ абы щыгъуэм къэдгъэсэбэпри, ди тхылъ лъапlэ цlыкlур нэхъыбэ тщlат.

Нахуэу урилэжьэну, уи бзэр зэбгъэщlэжыну а зэманым ухуиттэкъым. Арщхьэкlэ зи бзэр зыщlэж, тхэф, еджэф щlалэ гуп Хасэ унафэкlэ делэжьырт я анэдэлъхубзэр ди лъэпкъэгъухэм едгъэщlэжыным. Сэ къыслъыса хьэблэр «Дикмен» лъэныкъуэрт. Куэд дэмыкlыу, къэралыгъуэр зыlэщlэлъхэм ди лэжьыгъэри ди гугъэхэри къыттракъутэжат.

Илъэс щэ ныкъуэ дэкlауэ, Къайсэр Эрджиес университетым литературэмкlэ и факультетым «Адыгэбзэ» къудамэ къыщызэlуахащ. Егъэджакlуэхэр Хэкумкlэ къызэрикlынур щызэхэсхым, сэри сапежьэну мурад сщlащ, тыркубзэ ямыщlэмэ, зыхуэныкъуэ щыlэмэ, садэlэпыкъуну.

Гъатхапэм и 8-м, Цlыхубзхэм я дунейпсо махуэ лъапlэм, удз гъэгъакlэ абыхэм сехъуэхъуну мурад сщlащ. Дызэрихабзэу, хъуэхъу псалъэ дахэхэр тыгъэм дэщlызгъуну си гугъэу, зы тхылъымпlэ цlыкlуи къисхащ. Ауэ сыт хуэдэбзэ зэрыстхынур?! Латин хьэрфхэр зи лъабжьэ тыркубзэмкlэ стхымэ, тыгъэр зыхуэгъэзахэм къагурымыlуэнкlэ хъунущ. Кириллицэм тет адыгэбзэрамэ, апхуэдиз илъэс дэкlауэ сэ езым зэгъэкlуауэ схуэтхыну?! Сытми, сетlысылlэри, сегугъупэурэ стхащ. Пэщlэдзэ классым кlуагъащlэ, еджэкlэ зэзыгъащlэ къудей ныбжьыщlэм хуэдэу стхырт, щыуагъэ хэлъмэ, къысхуагъэгъуну сащыгугъыу.

Ныбжьэгъу къысхуэхъуахэм я деж лъагъунлъагъу сыкlуащ махуэ гуэрым. Тхылъымпlэм тестхауэ щыта тхыгъэм щыуагъэ куэд хэфлъэгъуауэ пlэрэ жысlэу, си псалъэр къыщезгъажьэм, «Сыт а жыпlэр?! Уи тхыкlэр си адэм итхам хуэдэу къысщыхъуу, а махуэм и фэеплъу згъэтlылъащ, ухуеймэ. Сыкъыпхуеджэжынти», - щыжиlэм сригуфlащ. Сытегузэвыхьу псалъэ зырызурэ стхар макъ дахэкlэ зэпыщlауэ къыщигъэlум, гурыщхъуэ сигъэщlу, сыщlэупщlащ: «Мы узэджар пэжу а стхарат»? Тхылъымпlэр къысхуишийри, сигу игъэзэгъащ. Ар Хэкум къикlа егъэджакlуэхэм ящыщ Къербэч Маринэт. Фlыщlэ ин хузощl, абы къызжиlахэм я ужькlэ сигурэ си псэрэ зэрыгъуэтыжауэ, си анэдэлъхубзэм сыхуэмыlэзэми, си гурылъхэр нэхъ тегушхуауэ стхыным ар лъабжьэ хуэхъуащ. Иужьрей илъэситlым стхахэр зэхуэсхьэсыжауэ иджы зы тхылъ къыдэзгъэкlыну си мурадщ. Сэ хьэкъыу спхыкlащ уи анэдэлъхубзэм уримытхэжыфыным, уремыджэжыфыным гуауэ зэрыпылъыр.

**ТОКЪМАКЪ Айдын,**
*Истамбыл къалэ.*

# Анэбзэ щIыхуэр




**Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа усакIуэ щэджащэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, Нало Заур, КIыщокъуэ Алим, Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд... - лъэпкъым вагъуэ мыужьыхыжу диIэ тхакIуэ-усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэдзэкIауэ деджэкIэ, адыгэбзэм хуэдэу ди псэм нэсынукъым. Ар хьэкъщ. Ар апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыщ: хамэбзэр здынэсыр ди акъылращ, анэбзэр здынэсыр дигуращ.**

ДЭ ЛЪЭПКЪЫБЭ хэгъуэгум дыщопсэу. Лъэпкъхэр бзэ зэщымыщкIэ мэпсалъэ. Ахэр зэзышалIэр урысыбзэращ. Абы къыхэкIыу, еджапIэм деж урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэпыщIауэ идогъэдж. Адыгэ литературэмрэ урыс литературэмрэ зыдопх, зэпыдощIэ, тхакIуэхэм я тхыгъэхэр зыдолъыт. БзитIымкIи идогъэкIуэкI дерсхэр, ауэ бзэ зэхэпхъакIэ сабийр бгъэпсэлъэну Iэмал иIэкъым.

Бзэм и къабзагъым укIэлъыплъын, ар сабийхэм ядэпIыгъын хуейщ. Сыту жыпIэмэ, бзэ зэхэпхъам сабийхэр бзэмыIуу къигъэнэнущ. Адыгэбзэкiэ упсалъэрэ - къабзэу псалъэ, урысыбзэ къыхыумыгъахуэ. УрысыбзэкIэ упсалъэми - апхуэдэ къабзэщ. Ар сыт щыгъуи дгъэзэщIэн хуей къалэну солъытэ.

Егъэджэныгъэм пыщIа дерсхэм и мызакъуэу, лъэпкъым Iурылъ бзэ дахэм, щIэблэр зэрагъасэ бзэ гуакIуэм, тхыдэ хъыбархэр къызэраIуэтэж бзэ хэплъыхьам хуэныкъуэщ ди сабийхэр. Ахэр егъэсэн хуейщ лъэпкъ уэрэдыжьхэр щашэщIкIэ, гум хыхьэ псалъэхэр къыщIагъалъэрэ я гущIэм лъэIэсу, лъэпкъ хъуэхъу щIэращIэхэр къыщапсэлъкIэ, жьабзэ дахэр жьгъырууэ зыхащIэу, лIыхъужь уэрэдхэр щаукъуэдийкIэ, ныбжьрей ежьукIэ пэджэжрэ адыгэбзэр джэрпэджэжу зэIэпахыу, зэрылъэпкъыу щIэдэIуу, зэрылъахэу зэлъащIысу.

Лъэпкъым и купщIэщ адыгэбзэр. Ар ди адэжьхэм лIэщIыгъуэхэм къыпхрахащ, яхъумэфащ. Адыгэбзэ дерсхэм деж цIыкIухэм яжыдоIэ ди нэхъыжьхэм бзэр зэрахъумар, зэрамыгъэкIуэдар, зауэ мафIэ лыгъейм къызэрыпхрахыфар. ИкIи ягурыдогъаIуэ бзэм и зехьакIуэу адэхэм я ужь езыхэр зэриувэнур. Бзэм и къуэпсхэр къызыхэкIыр цIыхубэращ, бзэр къэзыгъэщIыр лъэпкъращ. Абы къыхэкIыуи бзэм и зехьакIуэу дэтхэнэ цIыхури лъэпкъым хэтын хуейщ. Бзэм зиужьын, хъума хъун, ефIэкIуэн папщIэ зэрыадыгэ лъэпкъыу я зэфIэкIи, я къаруи, я мылъкуи щымысхьу зызэщIагъэкъуэн хуейщ. Апхуэдэ гупсысэхэм еджакIуэ цIыкIухэр щIыдогъэдэIу, гукъинэж зэрахуэхъуным дыхущIокъу.

Ди лэжьыгъэр къапщтэмэ, дерс къэскIэ цIыкIухэм гукIи псэкIи захыдогъащIэ - «Адыгэу зыплъытэжмэ, пIурырелъ адыгэбзэр. ЕгъэфIакIуэ, зегъэужь анэбзэм!». Адыгэбзэр лъэпкъым и псэщ, и бзэщ. Абы уещI хэкупсэ, укъегъэхъу лъэпкъыпсэу.

Ди къуажэр - Хьэгъундыкъуейр (Али-Бэрдыкъуэ) черкес усыгъэм и гущапIэу ялъытэ. Мы къуажэм къыдэкIащ адыгэ тхакIуэ, усакIуэ тIощIым нэблагъэ. Ахэр къуажэм я напщIэтелъщ, я гушхуапIэщ. Ар щапхъэгъэлъагъуэу зэрыримыкъу щыIэкъым, абыхэм я лъэужь уиувэныр пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. Абы къыхэкIкIэ, ди еджапIэм «Псынэ» кружокыр щолажьэ.

Абдеж сабийхэм я япэ усэхэр щагъэIу, я гурыщIэхэр, я гущIагъщIэлъ хъуэпсапIэхэр усэбзэкIэ къатIэщIу зрагъасэ, адыгэбзэм къыхэщыпыкIа псалъэ дахэхэр зэрагъэкIу, зэпащIэ.

Аращ усакIуэ хъунур къызэрежьэр. ИкIи, усыгъэм и лъагъуэ нэхум теува дэтхэнэ сабийри догъэгушхуэ. КъинэмыщIауэ, ди сабийхэм адыгэбзэкIэ зэпеуэ куэдым зыкъыщагъэлъагъуэ, сочиненэ гъэщIэгъуэнхэр я Iэдакъэ къыщIокI, я гум илъыр къатIэщIыфу идогъасэ.

Дерсыр классым ущIэсу ебгъэкIуэкIыныр Iуэху щхьэхуэщ. Ауэ сабийр бгыщхьэм дэпшрэ, хэт бгыпэм тесу, хэт мывэшхуэм кIэрысу, хэти бгы гъуанэжьым къиплъу я къуажэм тепсэлъыхьу сочиненэ щатхкIэ, ар нэгъуэщI Iуэхущ, нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэщ. Сабийм и гурыщIэм щIэлъыр къыщитIэщIыр абдежщ, и адыгэбзэри нэхъ дахэу, нэхъ шэрыуэу къыздигъэIурыщIэри а дакъикъэхэращ.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр фIы дыдэу къагурыдогъаIуэ дэтхэнэ сабийми, аращ адыгэбзэм пщIэ хэха щIыхуащIыр, увыпIэ лъагэ щIратыр. Аращ а гупсысэ узыншэхэр еджакIуэхэм я хьэлщэнми, я зэхэщIыкIми хэтпщэну дыщIыпылъыр.

Дерсхэр методикэ, гъэсэныгъэ я лъэныкъуэкIи зэщIэIулIауэ ядот, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ доузэд, лъэкIыныгъэу дгъуэтыр идохьэлIэ. Шэрыуэу псэлъэфу, жьабзэ дахэ яIурылъу, я гупсысэр адыгэбзэкIэ къаIуэтэфу идогъасэ. ЯфIэгъэщIэгъуэну кружок зэхуэмыдэхэм езы цIыкIухэри къокIуэ, тхыдэм епха лэжьыгъэхэр ягъэзащIэ, IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным и ужь итщ.

«Дыщэр хыфIэдзи уи бзэр къэщтэж», - жиIащ пасэрейм. Лъэпкъыр зыIэтыр и бзэщ. Бзэр лъэпкъ дамыгъэщ, щIэблэм и дамэщ. Ар анэшэм щIыгъуу къыппкърохьэри, уи бзэр кIэрэхъуэху уи гъусэщ, уи гужьыдэгъэкIщ, уи гупсысэр сэтей къэзыщIщ, гъащIэ Iэпэгъуу уи гъуэгугъэлъагъуэщ. Бзэр пIурыхуамэ, уи дунейр бгъунлъауэ, уеблэмэ быухауэ аращ. Абы къыхэкIыу, адыгэбзэкIэ езыгъаджэ дэтхэнэ егъэджакIуэми ди лэжьыгъэр, а Iуэху еплъыкIэр доухуэ.

Адыгэбзэр джыныр егъэфIэкIуэным мыхьэнэ пыухыкIа ириту мэлажьэ Хьэбэз районым и методкабинетри, абы и унафэщI Къуныжь Раи. Илъэс къэс еджапIэхэм деж щрагъэкIуэкI район семинархэр, «Iэнэ хъурейхэр», дерс зэIухахэр, щIэныгъэ-практикэ конференцхэр, классщIыб лэжьыгъэхэр, мастер-классхэр. Абыхэм псоми ди сабийхэр жыджэру хэтщ. Сабийхэр гушхуэу утыку ихьэфу, зыкъагъэлъэгъуэфу, зыхуейр жаIэфу, утыкум щэныфIэу зыщаIыгъыфу идогъасэ. Ар куэд и уасэщ.

Адэбзэр IэфIщ, анэбзэр гуакIуэщ. Абы и IэфIагъыр сабийхэм захедгъэщIэн папщIэ, адыгэбзэ къабзэкIэ дерсхэр зэредгъэкIуэкIыным дыхущIокъу. НэгъуэщIуи хъунукъым. Ди бзэм и дахагъым еджакIуэхэм гу лъедгъэтэн мурадкIэ, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къыдогъэсэбэп. Апхуэдэу, анэдэлъхубзэр нэгъуэщI лъэпкъыбзэхэм идопх, щIыдогъэдэIу жьабзэ дахэм, пшынэбзэм ещхь усэбзэкIэ догъэбзэрабзэ. Проект лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр адыгэбзэкIэ ядогъэгъэзащIэ. Бзэр кIуэ пэтми нэхъ едгъэфIэкIуэн мурадкIэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр идогъэкIуэкI, лъэпкъ тхыдэм ирыдогъаплъэ, щыгъуазэ дощI, тестхэр къадогъэщI, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хыдошэ.

Мы дунейм фIыгъэу тетыр уи быным хэплъхьами, анэбзэр IэщIэхуамэ, ахэр зыри иIысыжкъым. Сыту жыпIэмэ, нобэ хэти дунейм дызэрытетыр зи фIыгъэр ди лъэпкъращ. Ар дэтхэнэми тхуэгъэзауэ ттелъ Хэку щIыхуэщ. Ауэ ар быпшынын папщIэ узыхуейр мылъкушхуэкъым, зэфIэкIышхуэкъым - атIэ уи быным анэбзэр Iурыплъхьэн закъуэращ.

**КЪУЩХЬЭ Мадинэ**,
*илъэс 19 хъуауэ Хьэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) къуажэм дэт езанэ курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж.*

# Егъэджэныгъэр зи псэм хэлъ

**Щоджэн (Къущхьэбий) Заремэ Зулымбий и пхъур Тэрч щIыналъэм хыхьэ Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр фIы дыдэу къиухри, и щIэныгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэбзэ къудамэм.**



ЕДЖЭНЫР ехъулIэныгъэкIэ зэфIиха нэужь, Заремэ щалъхуа щIыпIэм игъэзэжащ икIи Махъсидэ Залымхъан и цIэр зэрихьэу я къуажэм дэт курыт школым лэжьэн щыщIидзащ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ класс нэхъыжьхэм яригъэджу. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ егъэджакIуэр, щIэблэм я гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэр илъэс 33-кIэ пэрытащ а IэнатIэм, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу. ЕгъэджакIуэми и гъэсэнхэми мызэ-мытIэу жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэ, щIыналъэ зэпеуэхэм, увыпIэфIхэр къыщахьу. Жэуаплыныгъэр зыхищIэу зыпэрыта лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Заремэ щIыналъэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми жану хэтащ. Апхуэдэ лэжьыгъэфIхэм щыхьэт тохъуэ Щоджэным къыхуагъэфэщауэ щыта щIыхь, фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд. Абыхэм яхэлъщ егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ IэнатIэм, курыт школым я унафэщIхэм, профсоюз зэгухьэныгъэм, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм къабгъэдэкIахэр.

Заремэ унагъуэщ, щхьэгъусэ, бынищрэ къуэрылъхупхъурылъхухэмрэ иIэщ.

Щоджэныр усэ тхыным куэд лъандэрэ дехьэх. Хэкупсэ зыIут бзылъхугъэм и къалэмыпэм къыпыкIахэм ящыщ фи пащхьэ идолъхьэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

## Си лъэпкъ

Гугъуехь куэд уи фэм дэкIащ
Си псэу си Хэку дыщэм.
Хьэзаб куэдри уэ бгъэващ,
Си адыгэ лъэпкъым.
Тенджыз ФIыцIэм урашащ
Лъэпкъ и щIэлъэныкъуэр,
ХъугъуэфIыгъуэ хагъэсыну
ЖаIэурэ гъэпцIагъэу.
Хэти хышхуэм итхьэлащ,
Хэти лIащ мэжалIэу,
ЩIыху мин бжыгъэр тебгуэшащ
ЩIы хъурейм жьуджалэу.
Зы абыхэм яхэмыт
Хэкур игу имылъу -
Щагъэсэнут я сабийр
Iуащхьэмахуэ лъапэм.
Мэзым укIуэмэ, пэу щхъуантIэм
Удехьэхыр и дахагъым,
Тэрч къыхихуу жьыбгъэ
къабзэр
Хуохъур хущхъуэ узу Iэджэм.
Уезэшами — угъэпсэху,
Уи гур узу къыпщыхьами,
Шэч хьэмылъу уещI нэхъыфI
Си псэм хуэдэу си Тэрчыжь.
Илъэс минкIэ уежэхами,
Уи псыр зэи имыухын,
ГъащIэу сиIэр сухами,
Си гум зэи уимыхун.
Къуажэ дахэу си ХьэпцIей
Къуажэу щыIэм уралейщ.
Гъагъэ, хэхъуэ, зыкъэужь.
Жылэжь Iумахуэу си ХьэпцIей.

## Адыгэбзэ

Адыгэбзэу бзэ дахащэ,
Къуршыпс цIыкIуу зи
гур къабзэ,
Нэхущ бзууэ уобзэрабзэ,
Уи бзэ IэфIми куэд етхьэкъу.
Анэм и бзэу сэ сIурылъ
Сропагэ уи дахагъэм.
Адэм и бзэу си псэм хэлъ,
Гъэр сэ сещIыр узэхэсхым.
Уэ узиIэм зыхызощIэ
Ди Тэрчыжь и гумащIагъыр,
Ди Къуршыжьхэм я дахагъыр,
Iуащхьэмахуи и лъагагъыр.
УзимыIэм си нэр набгъэщ,
Сэ срещхьщ цIыху дэхуэхам.
УсIурылъым си лъэр жанщ,
Си лъэпкъ
уардэри мыкIуэдынщ.

## Си щIыналъэ

Мывэжь къырхэр зэжьэхэуэу,
Тэрчыжь уэрым ирехьэх
Илъэс щитIым унэсами,
Си къуажэжьыр псэм ухэлъщ.
Сыт и уасэ ди бгы щхъуантIэм,
Сыт и уасэ ди псы уэрым,
Насыпышхуэ къызыдэкIуэу
Ди нэхъыжьхэу унэм щIэсхэм.

## ГъащIэ

ЗыщIигъауэм къыщIэужу
псышхуэм
Жыг къудамэ цIыкIур
кърехьэх.
Зэми щIоуэ, итхьэлауэ
псыдзэм,
Зэми къыщIоужри ирехьэх.
Изогъэщхь а псышхуэр
сэ ди гъащIэм
Жыг къудамэр - цIыхуу
дунейм тетым.
Хэти зыщIегъэауэри
а псышхуэм,
ЗэпросыкIри, къыхокIыж
гуфIэжу.
Язынықъуэхэр ирехьэ
псы архъуанэм,
Куэдрэ, куэдрэ абы щоджэрэз.
Хэти и къарур полъэщ а
псыдзэм,
Адрейм ар Iехри къыхедзыж.
Сэ сыхуейщ ди гъащIэ псыдзэм
Зыри къарууншэ имыщIыну,
Псоми къалэжьыфыр
яшхыжыфу
ГъащIэ гъуэгум пщIэ
яIэу тетыну,
Дунеишхуэм и IэфI зыхащIэну.

**ЩОДЖЭН Заремэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.106
Заказ №482